**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI’ FAKULTETİ**

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti

dekani’: ________ f.i.k., dots. Q.Turd?baev

«______»_______________ 2013-j.

5220100-Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi Jaqsi’muratova Nazirani’n’

# «**T.Jumamuratov poeziyasi’nda folklorli’q da’stu’rlerdin’ qollani’li’w sheberligi**»

PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

**İlimiy basshi’**: f.i.k.,dots. B.Genjemuratov

________________

Qaraqalpaq a’debiyati’ teoriyasi’ ha’m
Oqi’ti’w metodikasi’ kafedrasi’ basli’g’i’
f.i.k.,dots. Q.Yusupov ___________
«_____»_____________2013-j.

No`kis-2013 j.

**JAQLAWG’A RUXSAT BERİLDİ**

**Qaraqalpaq filologiyasi’**
**fakulteti dekani’:** f.i.k.,dots. Q.Turdi’baev

**Kafedra basli’g’i’:** f.i.k.,dots. Q.Yusupov

**İlimiy basshi’:** f.i.k.,dots. B.Genjemuratov

## Ma’mleketlik Attestatsiya Komissiyasi’ni’n’ QARARI’:

5220100-Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili h’a’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag’dari’ni’n’ pitkeriwshisi Jaqsi’muratova Naziran?n’ «T.Jumamuratov poeziyasi’nda folklorli’q da’stu’rlerdin’ qollani’li’w sheberligi» atamasi’ndag’i’ pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_____________» ball qoyi’lsi’n.

**MAK basli’g’i’:** _______________ _____________________

**MAK ori’nbasari’** _______________ _____________________

**MAK ag’zalari’:**

_______________ _____________________

_______________ _____________________

_______________ _____________________

_______________ _____________________

_______________ _____________________

## Mazmuni':

**Kirisiw………………………………………………………………...3-7**

**Tiykarg`i' bo`lim**

**I. Bap. Xali'q awi'zeki a`debiyati' ha`m woni'n` T.Jumamuratov do`retiwshiligine ta`siri………………………………………………8-17**

**I.1.** Xali'q awi'zeki a`debiyati' ha`m woni'n` wo`zine ta`n ko`rkemlik qa`siyetleri…………………………………………………………..8-14

**I.2.** T.Jumamuratov poeziyasi'ni'n` folklorli'q sag`alari'………...15-17

**II. Bap. T.Jumamuratovti'n` Watan, dosli'q, aqi'l-na`siyat temasi'ndag`i' qosi'qlari'nda folklorli'q da`stu`rler………………..18-37**

**II.1.** Shayi'rdi'n` Watan ha`m dosli'q temasi'ndag`i' qosi'qlari'nda fol`klorli'q janrlardi'n` qollani'li'wi'…………………………………18-25

**II.2.** T.Jumamuratovti'n` arnaw ha`m didaktika temasi'ndag`i' qosi'qlari'nda awi'zeki a`debiyat da`stu`rleri……………………..…26-37

**III. Bap. Shayi'rdi'n` yumor-satirali'q qosi'qlari'nda ha`m ayti'slari'nda folklorli'q su`wretlew qurallari'ni'n` a`hmiyeti…….38-46**

**III.1.** T.Jumamuratovti'n` yumor-satirali'q qosi'qlari'nda folklorli'q ironiya ha`m sarkazm………………………………………………...38-41

**III.2.** Shayi'rdi'n` ayti's janri'ndag`i' qosi'qlari'nda xali'q awi'zeki a`debiyati' da`stu`rleri…………………………………...……....42-46

**Juwmaq…………………………………………………………...47-48**

**Paydalani'lg`an a`debiyatlar…………………………………….49-51**

# Kirisiw

«İnsandi', woni'n' ma'nawiy a'lemin qa'liplestiretug'i'n ja'ne bir qu'diretli qural bar, wol da bolsa, so'z wo'neri, ko'rkem a'debiyat boli'p tabi'ladi'. A'debiyatti'n' insan tani'wshi'li'q, al shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' bolsa insan ruwxi'ni'n' injenerleri, dep ta'riyipleniwi biykarg'a yemes»[1].

Xali'q shayi'ri' T.Jumamuratov XX a`sir qaraqalpaq a`debiyati'nda yelewli wori'n tutatug`i'n shayi'rlardan biri. Wol qanday tematikada qa`lem terbetse de, meyli Watan yamasa xali'qlar dosli'g`i' temasi'nda, meyli milliy u`rip-a`det, da`stu`rler yaki muhabbat temasi'nda bolsi'n, wonda lirikali'q qaharman filosofiyali'q, didaktikali'q ko`zqarasta pikirleydi.

Shayi'r shi'g`armalari' 1930-ji'llardi'n` wortasi'nan baslap gazeta ha`m jurnal betlerinde jari'q ko`re basladi'. Woni'n` «Ju`rek muhabbati'» (1956), «Dosli'q» (1959), «Zamanlaslari'm» (1961), «Da`wran juldi'zlari'» (1963), «Tan`lamali' shi'g`armalari'» (1968), «Ka`ramatli' tulg`a» (1975), «Tolqi'nda» (1980), «Makar`ya suli'w» (1973), «Wo'mirin`nin` wo`zi filosofiya» (2005) si'yaqli' qosi'qlar toplamlari' baspada ja`riyalandi'. Bul shi'g`armalar wo`z da`wirinde woqi'wshi'lar ja`miyetshiligi ta`repinen qi'zg`i'n ku`tip ali'ndi' ha`m ha`zirgi da`wirde de su`yip woqi'latug`i'n shi'g`armalarg`a aylandi'. Woni'n` ko`pshilik shi'g`armalari' rus, wo`zbek, qazaq, bashqurt, avar, qumi'q tillerine awdari'li'p, tuwi'sqan xali'qlar arasi'nda ken`nen belgili boldi'.

T.Jumamuratov poeziyasi'ni'n` ko`rkemliligi, sapali'li'g'i' ha`m qunli'li'g'i'n yesapqa ali'p usi' jumi'si'mi'zda woni'n` do`retiwshiligin izertlew obekti yetip aldi'q.

**Temani'n` aktualli'g'i'.** Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde shayi'r T.Jumamuratov do`retiwshiligi toli'q da`rejede wo`z izertleniwin tappadi'.

[1] Каримов И. Юксак маънавият-енгилмас куч. Тошкент. «Маънавият». 2008., 136-бет.

Woni’n` poeziyasi’na na`zer taslasaq, janrli’q ha`m tematikali’q ko`p tu`rlilikti ko`remiz. Bul bir ta`repi bolatug`i’n bolsa, mazmun ha`m forma ma`selesi, qosi’q quri’li’si’, stilistikali’q wo`zgeshelikleri si’yaqli’ ma`seleler arnawli’ ilimiy izertlewlerdi talap yetedi. Shayi’r do`retiwshiliginin` yen` basli’ wo`zgesheliklerinin` biri – woni’n` folklorli’q stilge jaqi’n shi’g`armalari’ni’n` ko`pliginde. Ha`zirgi ku`nge shekem avtor do`retiwshiligindegi folklorli’q ta`sirler ma`selesin qozg`ag`an bir qatar magistrlik dissertaciyalar ha`m pitkeriw qa`niygelik jumi’slari’ barshi’li’q. Biraq wolarda shayi’rdi’n` iri ko`lemli poemalari’ u`yrenilgen. Al, bizin` jumi’si’mi’zda T.Jumamuratovti’n` tek g`ana qosi’qlari’ndag`i’ folklorli’q elementlerdin` u`yreniliwi woni’n` aktualli’g`i’n belgileydi.

**Jumi’sti’n` izertleniw tariyxi’.** T.Jumamuratov do’retiwshiligi kandidatli’q, doktorli’q dissertaciya ko`leminde derlik izertlenbedi. Tek g`ana basqa shayi’rlar menen birgelikte u`yrenildi. Q.Maqsetovti’n` «Qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` tuwi’sqan xali’qlar a`debiyatlari’ menen baylani’si’», K.Ma`mbetovti’n` «Wo’zbek ha`m qaraqalpaq a`debiy baylani’slari’», Q.Sultanovti’n` «Zamanlas jani’m menin`», T.Ma`mbetniyazovti’n` «Jan`a qaraqalpaq poeziyasi’ ha`m da`wir talabi’», Q.Worazi’mbetovti’n` «Ha`zirgi da`wirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko`rkemlik izleniwshilik»[1] atli’ ilimiy monografiyalarda shayi’r poeziyasi’na bir qatar ilimiy analizler islendi.

Al, arnawli’ tu`rde u`yrenilgen ilimiy jumi’s si’pati’nda Q.Sultanovti’n` «Shayi’r joli’»[2] atli’ miynetin aytsaq boladi’. Bul miynette ilimpaz shayi’r do`retiwshiligin ken` tu`rde izertlewge ha`reket yetken. Avtor Watan, xali’qlar dosli’g`i’, yumor-satirali’q temadag`i’ qosi’qlar menen qatar

[1] Мақсетов Қ. Қарақалпақ әдебиятының туўысқан халықлар әдебиятлары менен байланысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.; Мәмбетов Қ. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебий байланыслары, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.; Султанов Қ. Заманлас жаным мениң, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972.; Мәмбетниязов Т. Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы, Нөкис, «Билим», 1994.; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993.
[2] Султанов Қ. Шайыр жолы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.

shayi’rdi’n` poemalari’n da analizge tartadi’. Tilekke qarsi’, bul miynettegi ayi’ri’m pikirler bu`gingi ku`n a`debiyattani’w ilimi talaplari’na juwap bere almaydi’. Sebebi, ilimpaz shayi’r do`retiwshiligin talqi’lag`anda sol da`wir ideologiyasi’n tikkeley basshi’li’qqa alg`an. Bundag`i’ ayi’ri’m tekstlik tallawlardi’ g`ana na`tiyjeli analiz si’pati’nda bahalay alami’z.

Ha`zirgi waqi’tta shayi’r do`retiwshiligi İ.Yusupov ha`m T.Ma`tmuratov do`retiwshiligi menen bir qatarda ilimpaz Z.Bekbergenova ta`repinen izertlendi. Wol «Ha`zirgi zaman qaraqalpaq poeziyasi’nda xali’q awi’zeki poetikasi’ni’n` da`stu`rleri «70-80-ji’llar)»[3] atli’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda T.Jumamuratov do`retiwshiligindegi folklorli’q da`stu`rlerge ken`nen toqtaladi’.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’.** T.Jumamuratov do`retiwshiligi boyi’nsha izertlengen miynetlerdi u`yrenip, obekt yetip alg`an ma`selemizdi yesapqa alg`an halda biz pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zdi’n` maqset ha`m wazi’ypalari’n to`mendegishe belgiledik:

– T.Jumamuratovti’n` Watan ha`m dosli’q temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda folklorli’q su`wretlew qurallari’ni’n` qollani’li’wi’n u`yreniw;

– Shayi’rdi’n` arnaw ha`m didaktika temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda awi’zeki a`debiyat da`stu`rleri ma`selelerin talqi’law;

– Yumor-satirali’q qosi’qlari’nda folklorli’q ironiya ha`m sarkazmni’n` qollani’li’w wo`zgesheligin u`yreniw;

– Shayi’rdi’n` ayti’s janri’ndag`i’ qosi’qlari’nda xali’q awi’zeki a`debiyati’ da`stu`rlerin izertlew.

**İlimiy jan`ali’g`i’.** T.Jumamuratov poeziyasi’nda folklorli’q da`stu`rlerdin` qollani’li’w sheberligi ma`selesinin` a`debiyattani’w iliminde birinshi ret u`yrenilip ati’rg`anli’g’i’ jumi’sti’n` ilimiy jan`ali’g’i’n belgileydi.

---

[3] Бекбергенова З. Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери (70-80-жыллар). Канд. дисс. Нөкис. 1995.

**İzertlewdin` teoriyali'q ha`m a`meliy a`hmiyeti.** Pitkeriw qa`nigelik jumi'si'ni'n` ilimiy teoriyali'q juwmaqlari'nan, yerisken na`tiyjelerinen a`debiyat woqi'ti'wshi'lari', joqari' woqi'w wori'nlari'ni'n` studentleri ha`m akademiyali'q licey woqi'wshi'lari' qollanba si'pati'nda paydalani'wi' mu`mkin.

**İzertlewdin` obekti ha`m predmeti.** Pitkeriw qa`nigelik jumi's ushi'n shayi'rdi'n` «Ju`rek muhabbati'», «Dosli'q», «Zamanlaslari'm», «Da`wran juldi'zlari'», «Tan`lamali' shi'g`armalari'», «Ka`ramatli' tulg`a», «Tolqi'nda», «Makar`ya suli'w», «Wo'mirin`nin` wo`zi filosofiya» atli' toplamlari'n obekt yetip aldi'q.

T.Jumamuratov poeziyasi'nda folklorli'q da`stu`rlerdin` qollani'li'w wo`zgeshelikleri, pikirdi ko`rkem-estetikali'q bayanlawda folklorli'q elementlerdin` xi'zmeti si'yaqli' ma`seleler izertlew jumi'si'ni'n` predmeti boli'p yesaplanadi'.

**Jumi'sti'n` metodologiyali'q tiykarlari'.** İzertlew jumi'si'ni'n` metodologiyali'q tiykari' si'pati'nda İ.A.Karimovti'n` miynetlerinen, sonday-aq, a`debiyatshi'-ilimpazlar L.Timofeev, G.Pospelov, Z.Qabdolov, T.Boboev, Q.Worazi'mbetov h.t.b. ilimpazlardi'n` ilimiy miynetlerinen, «Literaturni'y entsiklopedicheskiy slovar», «Slovar inostranni'x slov», «A`debiyattani'w atamalari'ni'n` wori'ssha-qaraqalpaqsha tu`sindirme so`zligi» si'yaqli' so`zliklerden paydalandi'q.

**İlimiy jumi'sti'n` du`zilisi.** Jumi's Kirisiw ha`m Juwmaqtan basqa u'sh bapqa bo`lingen. Ha`r bir bap wo`z gezeginde yeki bo`limge aji'rati'lg`an. Jumi'sti'n` son`i'nda paydalani'lg`an a`debiyatlar dizimi berilgen.

# I. Bap. Xali’q awi’zeki a`debiyati’ ha`m woni’n` T.Jumamuratov do`retiwshiligine ta`siri

## I.1. Xali’q awi’zeki a`debiyati’ ha`m woni’n` wo`zine ta`n ko`rkemlik qa`siyetleri

«Folklor ha`mme waqi’t jazba a`debiyat penen teren` baylani’sta ju`redi ha`m a`debiyatti’ bayi’ti’p baradi’».[1] Sebebi, awi’zeki a`debiyat ha`m jazba a`debiyat da`stu`rleri–bular bir-biri menen dialektikali’q baylani’stag`i’ qubi’li’slar.

A`debiy da`stu`r a`debiyatta qa`liplesken ta`jiriybenin` a`wladtan-a`wladqa wo`tip woti’ri’wi’, da`stu`rdin` a`debiy processtegi worni’, woni’n` wo`mir menen baylani’si’nda ashi’ladi’. Eger da`stu`r wo`mirden artta qalsa, wonda wol a`debiyatti’n` wo`mir talabi’na juwap beriwine tosqi’nli’q jasawshi’ ku`shke aylanadi’, al yeger de da`stu`r wo`mirdin` talabi’na say boli’p, quramalasi’p barsa, wonda wol uzaq jasaydi’. A`debiy da`stu`rler xali’qti’n` tariyxi’ menen tikkeley baylani’sli’, sebebi bul a`debiy da`stu`rde sol xali’qti’n` ruwxi’y bayli’g`i’, estetikali’q ideali’ wo`z ko`rinisin tabadi’.

Folklor-a`yyem zamanlardan baslap do`relip, awi’zdan awi’zg`a wo`tip, ha`r bir insan woy yeleginde qayta yelenip, da`wir wo`tken sayi’n go`nermey, kerisinshe hasi’llani’p kiyati’rg`an xali’q awi’zeki do`retpeleri. Sonday-aq xali’q woy-pikirinin`, insan aqi’l-sanasi’ni’n` jemisi. Xali’qti’n` wo`tmishi-tariyxi’, u`rp-a`detleri, ma`deniyati’n ko`rsetiwshi ko`rkem do`retiwshiliktin` bir tu`ri. Qaraqalpaq xalqi’ ju`da` mazmunli’, bay folklorg`a iye. Xali’q da`stan ha`m yertekleri, a`psana ha`m ra`wiyatlari’, naqi’l-maqallari’, ra`n`-ba`ren` qosi’qlari’, tu`rli ta`repleri menen di’qqatti’ awdaratug`i’n obrazlari’, awi’zeki a`debiyatqa ta`n ko`rkem su`wretlew qurallari’–bular ha`mmesi ata-babalari’mi’zdi’n` teren` aqi’l-sanali’, qi’yal a`leminin` ken`ligi, woylaw qa`biletinin` teren`liginen derek beredi. Mine, sol ulli’ awi’zeki a`debiyat jazba a`debiyatti’n` payda boli’wi’, rawajlani’wi’

[1] Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1978., 109-б.

ushi’n u`lken rol woynadi’. Xali’q awi’zeki do`retpelerinin` jazba a`debiyatqa tu`rli ta`repten na`tiyjeli ta`sir wo`tkergeni ta`n ali’ng`an haqi’yqat.

Folklor ha`m jazba a`debiyatti’n` wo`zine ta`n specifikali’q wo`zgeshelikleri bar. Bul haqqi’nda ilшmpazlar K.Ma`mbetov, Q.Maqsetov, Q.Ayi’mbetov, S.Axmetov h.t.basqalar bir qansha miynetler jazdi’.

«Qaraqalpaq xalqi’ni’n` wo`z wo`mirindegi yen` a`hmiyetli tariyxi’y-siyasiy ha`diyseler, a`debiyatti’n` bir ruwg`a yaki gruppag`a yemes, al uli’wma xali’qqa tiyisli bolg`anli’g`i’, a`debiyatta klassiklik motivlerdin` wo`tkeriliwi, klassikali’q poeziyada sinkretizmnen ayi’ri’lg`anli’g`i’, a`debiy shi’g`armalari’mi’zdi’n` barli’g`i’ni’n` derlik wo`z avtorlari’ menen belgili boli’wi’, yag`ni’y avtorlardi’ saqlaw, shi’g`armalarda jazba a`debiyatqa ta`n bolg`an individual belgilerdin` saqlani’wi’, variantlardi’n` bolmawi’, qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n` su`wretlew usi’li’ndag`i’ wo`zgeshelikler realistlik jazi’w-si’zi’wdi’n` ken` wori’n alg`anli’g`i’ menen qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n` wo`z shi’g`armalari’n jazi’p shi’g`ari’wi’ boldi’».[1]

«Awi’zeki do`retpe tarawi’nda ataqli’ atlar joq, wo`ytkeni awi’zeki do`retpenin` avtori’-birdeyine xali’q. Jas xali’qti’n` yamasa qa`wimnin` ishki yamasa si’rtqi’ wo`miri sonday ta`biyiy ja`ne ayqi’n su`wretlengen a`piwayi’ ha`m sada qosi’qlardi’ kim shi’g`arg`anli’g`i’n heshkim bilmeydi. Na`restelik da`wirinde, yerte waqi’tta shayi’rlardi’n` wo`z atlari’n son`g`i’ a`wladlarda saqlani’p qali’wi’na g`amxorli’q yetpegeni si’yaqli’, xali’q wo`zinin` birinshi shayi’rlari’ni’n` ati’ haqqi’nda woylamaydi’… Qosi’q atadan balag`a, a`wladtan-a`wladqa wo`tedi. Wol, waqi’tlar wo`tiwi menen wo`zgeredi, woni’ birese qi’sqartadi’, birese uzaytadi’, birese qaytadan isleydi, birese woni’ basqa qosi’q penen birlestiredi, birese wog`an qosi’p basqa qosi’q shi’g`aradi’, mine usi’layi’nsha qosi’qlardan poemalar

[1] Ахметов С. Күтә орынлы көтерилген мәселе. «Әмиўдәрья». 1959., №10. 97-б.

shi’g`adi’. Bulardi’n` avtori’ dep xali’q wo`zin g`ana ayta aladi’. A`debiyatta basqasha: woni’n` do`retiwshisi yendi xali’q yemes, al wo`zinin` aqi’l iskerligi menen xali’q ruwxi’ni’n` ha`r tu`rli ta`replerin bayan yetiwshi ayi’ri’m jeke adam boli’p yesaplanadi’. A`debiyatta jeke adam wo`zinin toli’q pravosi’na kiredi, a`debiy da`wirlerde birdeyine jeke adamni’n` ati’ menen belgilenedi».[2]

«Qaraqalpaq xalqi’, –dep jazadi’ ali’m N.Da`wqaraev,-o`z tariyxi’ni’n` barli’q dawami’nda basi’nan wo`tkergen tu`rli tariyxi’y-siyasiy, ma`deniy, ekonomikali’q turmi’si’ jo`ninde wo`zinin` ko`zqarasi’n, pikirin tek awi’z a`debiyati’nda qaldi’ri’p keldi. Sonli’qtan da qaraqalpaq xalqi’ ken` tarawli’ tu`rleri tek ko`p jasag`an, ko`p g`ana tariyxi’y-siyasiy ha`diyseler menen toli’ uzaq a`sirlerdi basi’nan wo`tkergen xali’q g`ana do`rete ali’wi’ mu`mkin».[1] Bul keltirilgen pikirler folklor ha`m jazba a`debiyat arasi’ndag`i’ ta`sirler, wo`zgesheliklerdi belgilewde a`hmiyetli.

Qaraqalpaq folklori’ janrlari’ni’n` a`lwan tu`rleri, mazmuni’ni’n` teren`ligi, ko`rkemlik jaqtan jetiskenligi, milliy wo`zinshelik qa`siyetleri menen ayi’ri’li’p turadi’. İnsan ha`m ta`biyatti’n` a`jayi’p si’rlari’n, barli’q waqi’yali’qlardi’ wo`zinde sa`wlelendirgen a`yyemgi mifologiya, adamgershilik, Watan su`yerlik gumanizmdi ji’rlawshi’ a`psana ha`m ra`wiyatlar, Shi’g`i’s danali’g`i’n sa`wlelendiriwshi hikmetli so`zler, woylaw shen`berinin` ken`ligin ko`rsetiwshi yertek ha`m da`stanlar, insanni’n` turmi’si’, tu`rli ma`resimlerin wo`zinde sin`dirgen tu`rli mazmundag`i’ qosi’qlar, formasi’ qi’sqa, turmi’s ta`jiriybesin teren` mazmunda bere ali’wshi’ naqi’l-maqallar, jumbaqlar, anekdotlar bulardi’n` ha`mmesi qaraqalpaq xalqi’ni’n` ata-babalari’ wo`tmishi, ma`deniyati’, awi’zeki a`debiyati’ni’n` ulli’li’g`i’, bay ruwxi’y g`a`ziynege iyeligin ayqi’n ko`rsetip turadi’. Bul ma`deniyat tiykari’ Worta Aziya xali’qlari’ni’n`

---

[2] Белинский В.Г. Избранное произведение. Том 2. Госиздат. Москва. 1947., стр. 89.
[1] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II т. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 45-46-б.

ba`rshesine tiyisli bolg`an a`yyemgi yesteliklerge bari’p taqaladi’. Qaraqalpaqlar hesh yekilenbesten to`religin aytatug`i’n sheshenleri, uzaq wo`tmishtin` jan`g`i’ri’g`i’n jan`arti’p, u`lken da`stan qi’li’p atqaratug`i’n ji’raw-baqsi’lari’, qobi’z benen duwtardi’n` qulag`i’na bu`lbil qondi’rg`an sa`zendeleri, miynetkesh xali’qti’n` mun`-a`rmanlari’n, ju`rek sezimlerin tebirentip ji’rlag`an shayi’rlari’ menen qon`si’las xali’qlar arasi’nda yerteden-aq ken`nen belgili bolg`an.

Qaraqalpaq xali’q awi’zeki a`debiyati’ni’n` u`lgilerin ji’ynap izertlegen ataqli’ qazaq ilimpazi’ Shoqan Wa`liyxanov wo`z da`wirinde «Qaraqalpaqlar sahradag`i’ yen` jaqsi’ shayi’rlar ha`m qosi’qshi’lar retinde hu`rmet yetiledi»,[1] -dep jazg`an yedi. Awi’zeki do`retpelerdin` usi’ ku`nge shekem jog`ali’p ketpegenliginin` sebebin ilimpaz Q.Ayi’mbetov to`mendegishe da`liylleydi:

«Qaraqalpaq xalqi’ tu`rli tariyxi’y sebepler menen wo`zinin` jaylawi’ menen qi’slawi’n taslap, bir wori’nnan yekinshi wori’ng`a neshe ma`rtebe ko`ship, Watannan, jerden, suwdan, ku`n ko`risten ayri’lsa da, wolar wo`zinin` ruwxi’y azi’g`i’ bolg`an, ji’lag`anda jubatatug`i’n, tari’qqanda tolg`anatug`i’n awi’z a`debiyati’n ayti’p, ji’rlap wo`zi menen birge ala ju`rgen».[2] Bul xali’q awi’zeki do`retpeleri a`sirler boyi’ xali’qti’n` bay mu`lki si’pati’nda ruwxi’yati’nda jasap awi’zdan awi’zg`a i’si’lg`an hali’nda wo`tip bizge i’qsham, tuji’ri’mli’ formada jetip keldi. Mine, bul bay xali’q awi’zeki do`retpeleri jazba a`debiyatti’n` ju`zege keliwinde, rawajlani’wi’nda, formali’q jaqtan tu`rleniwinde u`lken a`hmiyetke iye boldi’. Sebebi, jazba a`debiyat folklordi’n` jay, u`zliksiz dawami’ g`ana yemes, wol wo`zinde folklordi’n` yen` jaqsi’ elementlerin sin`dirgen, qayta islep jan`alandi’rg`an. Yag`ni’y folklor menen jazba a`debiyatti’n` ha`miyshe baylani’sta bolatug`i’ni’ ta`biyiy qubi’li’s. Demek, so`z wo`nerinin` bul yeki tu`ri – awi’zeki ha`m jazba tu`rleri wo`z-ara ta`sir

[1] Ўәлийханов Ш. Шығармалар топламы, I том, Алма-Ата, «Жазыўшы», 1961., 196-б.
[2] Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977., 13-б.

tiykari'nda ja`ne de rawajlani'p baradi'. Jazba a`debiyat payda boli'wi' menen folklor wol yaki bul da`rejede wog`an wo`z ta`sirin wo`tkizedi. Jazba a`debiyatqa ta`sir ko`rsetiw menen birgelikte folklordi'n` wo`zi de wonnan ko`p na`rse qabi'llaydi'.

Akademik H.Xamidov «Shi'g`i's tillerindegi jazba derekler» atli' monografiyasi'nda «folklor da`rejesinen jazba a`debiyat da`rejesine ko`teriliw ushi'n jekke do`retiwshi folklorli'q da`stu`rlerdi belgili da`rejede sin`dirip, jazba a`debiyat da`stu`rlerin yendiriwi sha`rt... Asan qayg`i', Soppasli' Si'pi'ra ji'raw, Jiyen ji'raw h.b. da sonday improvizatorlar, ha`tteki bizin` da`wirimizde jasag`an Qi'yas ji'raw, Esemurat ji'rawlar wo`z jani'nan fol`klor u`lgisinde da`stanlar do`retiw uqi'bi'na iye bolg`an improvizatorlar, bulardi'n` ha`mmesi de folklorli'q da`stu`rlerdi dawam yettiriwshiler g`ana. Wolar heshqanday jag`daylarda da jazba a`debiyatti'n` wa`kili bola almaydi'»,[1]- dep tasti'yqlaydi'.

Demek, awi'zeki a`debiyat penen jazba a`debiyat arasi'ndag`i' tiykarg`i' ayi'rmashi'li'qlardi'n` biri mi'nadan ibarat: folklorli'q shi'g`armalarg`a ko`birek uli'wmali'q qa`siyetler ta`n boli'p kelse, jazba a`debiyatti'n` u`lgilerinde ha`r bir avtordi'n` qaytalanbaytug`i'n shayi'rli'q stili ayqi'n ko`rinip turadi'.

Akademik M.K.Nurmaxammedov «Turkiy tilles a`debiyatlarda awi'zeki ha`m jazba da`stu`rlerdin` sintezi haqqi'nda «A.Musaev tvorchestvosi' mi'sali'nda)» atli' miynetinde folklor menen jazba a`debiyatti'n` wo`z-ara qatnasi' haqqi'nda ku`ta` bahali' pikirlerdi wortag`a taslag`an yedi. Wol geypara a`debiyatshi'-ilimpazlar menen si'nshi'lardi'n` folklorg`a natuwri' ko`zqarasta boli'p kiyati'rg`ani'n, anaw yaki mi'naw jazi'wshi'ni'n` shi'g`armalari'nda wori'n alg`an qa`te-kemshiliklerdin` da`regin folklordan izlep ju`rgenin atap ko`rsetti. M.K.Nurmaxammedov folklor menen jazba a`debiyatti'n` wo`z-ara ta`siri ma`selesinde qa`te

[1] Хамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991., 113-114-б.

ko`zqaraslar tek bu`gingi a`debiy protsessti bahalawda g`ana yemes, usi'ni'n` menen birge a`debiyat tariyxi'n so`z yetiwde de ushi'rasi'p ati'rg`ani'n faktler menen da`liylleydi. Wol geypara ilimpazlardi'n` «jazba a`debiyat payda boli'wi' menen folklor yekinshi plang`a shi'g`ari'ladi' yaki jas a`debiyat wonnan kerekli na`rselerdi qabi'l yetip bolg`annan keyin folklordan kem-kemnen uzaqlasadi'»–degen pikirine qosi'lmaydi'. Haqi'yqati'nda da, folklor menen jazba a`debiyat turmi's shi'nli'g`i'n su`wretlewdin` yeki tu`rli sistemasi' boli'p, wolar ma`n`gi wo`mir su`riw qa`biletine iye yekenligi ma`lim. Akademik D.S.Lixachev wo`zinin` miynetinde, «folklor menen jazba a`debiyat biri-birinen hesh waqi'tta bo`leklenbeydi, kerisinshe, wolar birin-biri toli'qti'radi', sebebi bir sistemada joq janrlar yekinshisinde tabi'li'p, bir janr yekinshi janrdi'n` worni'n basa almaydi'. Sonli'qtan a`debiyat folklorsi'z wo`mir su`re almaydi', sebebi wol ja`miyettin` ko`rkem so`zge bolg`an barli'q talaplari'n qanaatlandi'ra almaydi'»[1] -dep duri's ko`rsetken yedi. «Folklor a`debiyatti' «tuwi'p g`ana» qoyg`an joq, woni'n` wo`mir-su`riwine de mu`mkinshilik jaratti', usi'ni'n` menen birge folklor a`debiyatti'n` barli'q waqi'tta alg`a rawajlani'wi'na ja`rdem yetip woti'rdi'».[2]

Juwmaqlap aytqanda, folklor ha`m jazba a`debiyatti'n` arasi'nda to`mendegishe wo`zgeshelikler bar:

1. Awi'zeki a`debiyatqa tiyisli shi'g`armalar ko`p variantli'li'qqa iye. Xali'q awi'zeki do`retiwshiligindegi yertek, anekdot, terme-tolg`awlardi'n`, sonday-aq, da`stanlardi'n` bir neshe varianti' bar yekenligi buni' da`liylleydi. Al, jazba a`debiyatta do`retilgen shi'g`armani'n` tek bir g`ana varianti' boladi';
2. Fol`klorli'q shi'g`armalardi'n` belgili bir avtori' bolmaydi'. Wolar xali'qqa g`ana tiyisli. Sebebi, fol`klorli'q shi'g`arma da`slep bir adam ta`repinen do`retilgeni menen, xali'q arasi'na

[1] Лихачев Д.С. Развитие русской литературы X-XVII веков. Л, 1973., стр. 73.
[2] Сонда, 31-б.

tarqali’w processinde wog`an basqa da qosi’mshalar kiritiliwi, ko`rkemliligi to`men wori’nlari’ tu`sip qali’wi’ ta`biyiy jag`day. Soni’n` ushi’n tek xali’q g`ana woni’n` avtori’ boli’wi’ mu`mkin. «Awi’zeki do`retpe», «awi’zeki xali’q miyrasi’» dep ayti’li’wi’ da usi’nnan. Al, jazba a`debiyatqa tiyisli shi’g`armani’n` tek bir g`ana avtori’ boladi’;

3. Awi’zeki xali’q do`retpeleri uli’wmali’q si’patqa iye boladi’. Wonda xali’qli’q stil ko`rinip turadi’. Soni’n` ushi’n da xali’qqa tez taraladi’. Al, jazba a`debiyat shi’g`armasi’nda tek avtor stili ko`zge taslanadi’.

## I.2. T.Jumamuratov poeziyasi’ni’n` folklorli’q sag`alari’

A`debiyat iliminde ha`r bir jazi’wshi’ni’n` do`retiwshiligine ilimiy talqi’ bergende wolardi’n` bir-birinen ayi’rmashi’li’g`i’n belgileytug`i’n wo`zine ta`n jeke do`retiwshilik sheberligin ko`remiz. Du`n`ya a`debiyati’ g`a`ziynesine toplang`an shi’g`armalardi’n` bir-birin ta`kirarlamaytug`i’n stilde do`retilgeni wolardi’n` do`retiwshilerinin` jeke psixologiyag`a, filosofiyali’q ko`zqarasqa h.t.b. iye bolg`anli’g`i’ yag`ni’y individualli’g`i’, soni’n` menen birge avtorlardi’n` ko`rkem shi’g`arma do`retiwdegi so`z tabi’w, ga`p quraw, ko`rkem syujet jasaw, kompozitsiya du`ziw, obrazlar jarati’w wo`zgesheligine baylani’sli’. Mine bulardi’n` barli’g`i’n sistemalasti’ri’p ju`zege shi’g`ari’wda jazi’wshi’ wo`z ko`zqarasi’nan tariyxqa, bu`gingi ku`nge, keleshekke na`zer taslaydi’. Soni’n` menen qatar sanadag`i’ tayar mazmundi’ wo`zine ta`n sheberligi menen formag`a a`keledi. Usi’ ko`z-qarastan qarag`anda ko`rkem a`debiyat degende pu`tin bir xali’qti’n` wo`tmish-tariyxi’nan, bu`gininen, kelesheginen sonday-aq u`rp-a`det da`stu`rlerinen, etnografiyasi’nan, ma`deniyati’nan h.t.b. belgilerinen derek beriwshi xatqa tu`sirilgen ha`m xali’q sanasi’nda saqlang`an ko`rkem shi’g`armalar ji’ynag`i’ tu`siniledi.

T.Jumamuratov balalar temasi’ndag`i’, Watan, xali’qlar dosli’g`i’ temasi’ndag`i’ qosi’q ha`m poemalar menen qatar, filosofiyali’q, didaktikali’q, yumor-satirali’q bag`dardag`i’ shi’g`armalar do`retken ken` diapazong`a iye shayi’r. Ha`r bir shayi’r yamasa jazi’wshi’ do`retiwshiliginin` da`slepki sag`alari’n folklordan aladi’. Sebebi, woni’n` sanasi’na jaslayi’nan-aq xali’q awi’zeki do`retpeleri sin`dirilgen («Tu`lkishek», «Ha`kke qayda?», yertekler, jumbaqlar, jan`i’ltpashlar h.t.b.). Mine, usi’ sag`a wondag`i’ shayi’rli’q (jazi’wshi’li’q) talantti’n` qa`liplesiwi ha`m rawajlani’wi’na ta`sirin tiygizbey qoymaydi’. T.Jumamuratov do`retiwshiligine de usi’ qubi’li’sti’n` ta`sirleri ta`n, ha`tteki, ju`da` ku`shli desek te qa`telespeymiz. Sebebi, woni’n` derlik barli’q shi’g`armasi’nda,

meyli qosi’qlari’, balladalari’, meyli poema ha`m yertekleri bolsi’n, hesh biri de folklorli’q stilden shette qalg`an yemes. Shayi’rdi’n` ja`ne bir individual wo`zgesheliklerinin` biri-oni’n` improvizatorli’q qa`biletinin` bar bolg`anli’g`i’. Bul qa`bilet ju`da` kemnen-kem adamlarda ushi’rasadi’. Wol a`debiy tildin` ken` imkaniyatlari’nan paydalana ali’wshi’, ko`rkem tildin` joqari’ ko`lemdegi bayli’g`i’na iye bolg`an qati’qulaq shayi’r. Sonli’qtan da, wol do`retken ha`r bir shi’g`arma awi’zeki a`debiyat tili menen u`nles bolmawi’ mu`mkin yemes.

T.Jumamuratovti’n` balalar temasi’ndag`i’ qosi’qlari’ni’n` wo`zi ayti’s, jumbaq, yertek-poema janrlari’nda do`retilgen. Mi’sali’, «Malika menen Muratti’n` ayti’si’» qosi’g`i’nda:

– Aynanayi’n, Muratbay,
Oynataman ji’latpay.
Men qasi’n`a kelgende,
Man`i’ray berme i’laqtay.

– Menin` ati’m Muratbay,
Oynatasan` ji’latpay,
Betimdegi qoti’ri’m,
Qi’shi’p ati’r shi’datpay,[1] – dep jazadi’.

Sonday-aq, ta`riyip janri’ndag`i’ qosi’qlari’nda da folklorli’q su`wretlewler ju`da` ko`p ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Buri’mlari’ toqpaqtay,
Bet ajari’ – appaq ay.
Ko`zi jalt-jult yetedi,
Jarqi’ldag`an shaqmaqtay.

Kestelegen jegdesi,

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 101-б.

Tu`ymeli shi’taq gewdesi,

Xalqali’ si’rg`a, a`rebek,

Jawdi’rag`an ha`mmesi

Bundag`i’ qi’zdi’n` ha`r bir mu`shesin, kiygen kiyimin ta`riyiplewi xali’q da`stanlari’ndag`i’ da`stu`riy ta`riyiplew usi’llari’ menen ju`da` jaqi’n.

Shayi’r poeziyasi’nda xali’q arasi’na tarqalg`an milliy da`stu`rler, woyi’nlar da ta`riyipleniwden shette qalmaydi’. Mi’sali’:

Keleptey shayqali’p qayshi’qulaqlar,

Qoldan-qolg`a wo`tip **ko`kbar i’laqlar,**

**Palwanlar tuti’si’p, ji’rawlar shag`lap**,

Boldi’ deydi bir a`jayi’p si’naqlar.[3]

«Shi’mbayda» dep atalg`an bul qosi’qta shayi’r xali’q awi’zeki tilinin` imkaniyatlari’nan ken` paydalanadi’. Qaraqalpaq xalqi’ni’n` milliy da`stu`rlerinin` biri – el-xali’qti’ ji’ynap toy beriw. Mine usi’ toy saltanati’ndag`i’ wo`tkeriletug`i’n «Ko`kbari’» woyi’ni’, palwanlar gu`resi, ji’raw-baqsi’lardi’n` ji’r ayti’wi’ si’yaqli’ milliy koloritti beriwshi qatarlar qosi’qta xali’qti’n` wo`zinshellik da`stu`rlerin maqtani’sh yetiwde tiykar xi’zmetin atqarg`an.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, T.Jumamuratov poeziyasi’ni’n` folklorli’q sag`alari’ wondag`i’ stil ha`m janrlar menen baylani’sadi’. Wol yertek, ayti’s, ayti’m, a`psana, an`i’z janrlari’nda shi’g`armalar do`retti.

## II. Bap. T.Jumamuratovti’n` Watan, dosli’q,

[3] Жумамуратов Т. Дәўран жулдызлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1962., 14-б.

**aqil-na’siyat temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda folklorli’q da’stu’rler**

## II.1. Shayi’rdi’n` Watan ha`m dosli’q temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda fol`klorli’q janrlardi’n` qollani’li’wi’

Shayi’rdi’n` Watan ha`m xali’qlar dosli’g`i’ temasi’nda jazi’lg`an shi’g`armalari’ teren` patriotli’q sezimlerge, gumanistlik ideyalarg`a toli’. Bul temalardag`i’ qosi’qlari’nda shayi’r folklordi’n` bir qatar janrlari’nan sheber paydalanadi’. Watan, tuwg`an jer haqqi’ndag`i’ qosi’qlari’nda ku`shli dramatizmdi beriw ushi’n avtor da`stu`riy jaydari’ qosi’qtan ti’sqari’ folklordi’n` terme, ayti’m si’yaqli’ janrlari’nda jazadi’. «Qaraqalpaq bolg`ali’», «Taxtako`pir», «Armiya» qosi’qlari’ terme janri’nda jazi’lg`an bolsa, «Qarataw», «Ellik qala» si’yaqli’ qosi’qlari’ ayti’m janri’nda jazi’lg`an. Mi’sali’:

Qaraqalpaq bolg`ali’,
El atag`i’n alg`ali’,
Ne ko`rmegen qareken` –
Degen maqal bar yeken.
Tu`rkstanni’n` yelinde, –
Turanni’n` baytaq jerinde,
Qi’ri’q ret jasap,
qi’ri’q ret ko`shken,
Qi’ri’q ret jani’p,
qi’ri’q ret wo`shken.
Ha`lsirep, geyde janlani’p,
Aybaltasi’n qolg`a ali’p,
Nami’s ushi’n tiresken,

O`mir ushi’n gu`resken.[1]

Qosi’q quri’li’si’ folklordag`i’ terme-tolg`awlardi’ yeske tu`siredi. Bul qatarlardi’ woqi’g`anda qaraqalpaqlardi’n` Nog`ayli’ da`wirinen baslap jawdan basi’ shi’qpag`anli’g`i’ ji’ldam ko`z aldi’mi’zg`a yelesleydi. XIV-XVII a`sirlerde xali’q arasi’nda ken` yen jayg`an mun`li’ tolg`awlar, Dospanbet, Asan qayg`i’, Jiyen ji’rawlardi’n` qa`lemine tiyisli qayg`i’li’ terme-tolg`awlar tap usi’ si’yaqli’ uyqasta, usi’ si’yaqli’ mazmunda do`retilgen. Bunday 12 buwi’nli’, shuwmaqqa bo`linbeytug`i’n birgelkili uyqastag`i’ qatarlar yadlap ali’wg`a ha`m tarqali’wg`a qolayli’ boli’p keledi. Soni’n` ushi’n da sol da`wirlerde jazi’lg`an ko`pshilik tolg`awlar xali’q awi’zeki do`retpelerine aylani’p ketken. T.Jumamuratov termeleri de mazmuni’ ha`m formasi’ jag`i’nan joqari’dag`i’ folklorli’q belgilerge say keledi. Mi’sali’:

Jel ushi’rg`an qan`baqtay,
Gey-geyde ma`kan, nan tappay,
Jazalang`an qudayg`a,
Tentene bolmaq won`ayma?![1]

«Posqan yel» tolg`awi’ menen u`nles bul qatarlardi’n` Jiyen ji’raw do`retpesinen ayi’rmashi’li’g`i’, Jiyen ji’raw ko`ship barati’rg`an xali’q penen birge ju`rip bul tolg`awdi’ do`retedi. Soni’n` ushi’n da xali’q dramatizmi teren`nen ashi’ladi’. Al, T.Jumamuratov termesinde bolsa, tariyx betleri qayta ashi’ladi’. Sol sebepli, bunda xali’q dramatizmi menen birge avtordi’n` usi’ qayg`i’li’ waqi’yani’ bastan keshirgen xali’q psixologiyasi’na qatnasi’ da seziledi (3-4-qatarlar).

«Ayti’m-bul yeski waqi’tta awi’ri’w balalar, u`lken adamlardi’ jazi’lsi’n dep si’yqi’rli’, wo`tkir so`zler menen ayti’lg`an ko`rkem so`z

---

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 49-б.
[1] Сонда, 49-б.

wo`neri si’pati’nda belgili. Yag`ni’y aytqanda diniy qosi’qlar qatari’na jatqarg`anli’g`i’ da usi’nnan yesaplang`an. Bularg`a ba`dik, gu`lapsan, porxanshi’li’q h.t.b. qosi’qlari’n kirgizgen. Sonday-aq «Yaramazan» da usi’ ayti’mlarg`a kiredi».[1] Yeger usi’ ko`zqarastan u`yrenetug`i’n bolsaq, T.Jumamuratovti’n` «ayti’m» dep atag`an qosi’qlari’ biraz woylandi’radi’. Sebebi, bul qosi’qlarda hesh qanday diniy tu`sinikler yamasa nali’sh sezilmeydi. Mi’sali’:

Bir mi’n` ji’lda tolar bir jasi’n`,
Tariyx – si’rg`a toli’ ha`r tasi’n`.
Babalardi’n` ko`rdin` diydari’n,
Beruniy de senin` si’rlasi’n`,
Qaratawi’m yoshti’ qozg`aysan`,
Sa`wkeleli suli’w qi’zdaysan`. [2]

Shi’g`armada ha`r bir shuwmaqti’n` son`g`i’ yeki qatari’ni’n` birdey ta`kirarlang`anli’g`i’ qosi’qti’n` lapi’zli’li’g`i’n ku`sheytken. Bunday ta`kirarlani’w xali’q awi’zeki do`retiwshiligindegi ayti’mlarda da ushi’rasadi’. Bul qosi’qta shayi’r ayti’m janri’na novatorli’q ko`zqarastan jantasi’p, pikirdi bayanlawda tilek, qa`lewlerdi yemes, al patriotli’q sezimlerdi birinshi wori’ng`a qoyadi’. Lirikali’q qaharman sezimlerinin` Qaratawg`a qarata ayti’li’wi’ folklordag`i’ ba`dik, gu`lapsan keselliklerine mu`ra`ja`t yetiwi menen u`nles keledi. Shayi’r ayti’mi’ni’n` ayi’rmashi’li’g`i’ woni’n` mazmuni’nda ko`rinedi. Folklorda ayti’m tek g`ana qayg`i’li’, qorqi’ni’shli’ sezimlerdegi arnaw, mu`ra`a`t tu`rinde ayti’latug`i’n bolsa, T.Jumamuratov ayti’mi’nda tuwi’lg`an jerge bolg`an maqtani’sh, quwani’sh sezimleri beriledi.

«Yellika qala» ayti’mi’ bolsa Yellikqala rayoni’ni’n` gu`llep-jasnap turg`an ku`nlerine maqtani’sh sezimlerin bildiredi. Bul ko`birek folklordag`i’ yerteklik bayanlawg`a jaqi’n keledi. Mi’sali’:

---

[1] Қ.Мақсетов. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979., 132-б.
[2] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 52-б.

Yellik qala yel **yeken,**

**Buri'n-buri'n buri'nda**.

Da`stan bolg`an jer ye**ken**,

Shayi'rlardi'n` ji'ri'nda.[1]

Qaraqalpaq yerteklerinde «yeken» ko`mekshi so`zi arqali' bayanlaw da`stu`ri qa`liplesken. «Bir bar yeken, bir joq yeken, ash yeken de toq yeken, ala g`arg`a azanshi', qara g`arg`a qazanshi' yeken... si'yaqli' da`stu`riy qatarlardi'n` ta`siri jazba a`debiyatta bar yekenligin ko`riwimizge boladi'. Soni'n` ushi'n da, «Yellik qala» qosi'g`i'ndag`i' jer, ma`kandi' ta`riyplew usi'li'n yerteklik bayanlaw usi'li' dep aytsaq boladi'.

Shayi'r do`retiwshiliginde Watan temasi' tek g`ana terme yaki ayti'm janrlari'nda yemes, al da`stu`riy to`rt qatarli' jaydari' qosi'q formasi'nda da folklorli'q su`wretlewler menen suwg`ari'lg`an halda beriledi. Mi'sali':

Qi'z-jigitler woti'ri'pti' sap tarti'p,

Jen`geleri jigitlerge sha`rt ayti'p,

Jilwa menen pinhani' so`z qozg`aydi',

İshki si'ri'n ha`zil menen aqtari'p.[1]

Qaraqalpaq xalqi'ni'n` da`stu`rlerinin` biri toyda qi'z-jigitler ayti'si' u`ripke aylang`an. Mine usi' ayti'sti'n` bari'si' shayi'r tilinen ko`rkem tu`rde jetkerip beriledi. Bul qatarlardi' woqi'g`anda ko`z aldi'mi'zg`a yeriksiz qi'z-jigitlerdin` bir-birine qarama-qarsi' ko`riniste sap tarti'p woti'rg`anli'g`i', qi'zlardi'n` jilwa-naz benen so`z qati'wi', jigitlerdin` de ha`zil aralas ishki sezimlerin qosi'q qatarlari' menen to`gip sali'wlari' yelesleydi.

Sonday-aq, qaraqalpaqta yer jigittin` bir joldasi' at bolar degen ha`mmege belgili tsitata bar. Buni'n` ma`nisi, buri'nlari', yele transport, texnika rawajlanbag`an da`wirde at yer jigittin` ha`r qanday halati'nda da ku`nine jarag`an joldasi' bolg`an. Bul qaysi' da`standi' woqi'saq ta

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 55-б.
[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 154-б.

gezlesetug`i'n ta`biyiy qatarlar. «Alpami's» da`stani'nda Bayshubar, «Ma`spatsha» da Ma`jnu`n, «Qoblan»da Aqsha at da`stanni'n` bas qaharmani'ni'n` quwani'shli' ha`m qayg`i'li' ku`nlerinde joldasi' boladi'. Mine usi' milliy kolorit T.Jumamuratov do`retiwshiliginde sheber sa`wlelendirilgen. Mi'sali':

Anaw ma`rt Qoblanni'n` tori' tayi'nday,
Ayto`belli man`layi'nda qasqasi'.
Talpi'ni'p kiyiktin` quralayi'nday,
Mo`ldir ko`zler jalti'ldap tur xoshlasi'p.

At du`birin yesitkende qulag`i'm,
Bayshubarlar wozi'p kelgen bayraqtan,
Uyqi'si'rap krovattan quladi'm,
Mun`li' qi'yal ji'g`i'rdandi' qaynatqan.[1]

Bunda lirikali'q qaharman a`psanag`a aylang`an jawi'nger atlar qi'yali'na berilip woti'ri'p krovattan qulap tu`skenligi su`wretlengen. Lirikali'q qaharmanni'n` atlar haqqi'nda woylawi', wolardi'n` wo`z iyelerine qay da`rejede sadi'qli'q penen xi'zmet yetkenligin ta`riyplewi xali'q sanasi'nda buri'nnan qa`liplesken milliy sana – yer jigittin` yen` jaqi'n joldasi' at yekenligin ja`ne bir ma`rte ug`i'ndi'rg`anday boladi'.

Shayi'rdi'n` bir qatar qosi'qlari' xali'qlar dosli'g`i' temasi'nda jazi'lg`an. «Ta`jik biradarlarg`a», «Xisar», «Ashgabadta ushi'rasi'wlar», «Dos mehriyban ishinde», «Qazaq sha`ha`ri», «Qaraqalpaq sa`lemi», «Taw basi'nda», «Qarag`andi'» h.t.b. qosi'qlari' tuwi'sqan xali'qlar da`stu`rleri menen birge qaraqalpaq xalqi'ni'n` miymandosli'q, ken`peyillik, gumanistlik ideyalari'n sa`wlelendiriwshi shi'g`armalar boli'p tabi'ladi'. Usi' ideyalardi' beriwde shayi'r folklorli'q da`stu`rlerden sheber paydalanadi'. Mi'sali':

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 27-29-б.

**Tappay ketken İskender,**

**Suwi’n izlep Ka`wsardi’n`.**

Bizler boldi’q ishkenler,

Bawrayi’nan Xisardi’n`.[1]

Xisar tawi’ni’n` go`zzal ta`biyati’n su`wretlew ushi’n fol`klorli’q syujet yelementleri qollani’lg`an. A`psanalarda ayti’li’wi’nsha, ma`n`gilik suwi’n izlegen İskender jer ju`zinin` hesh bir jerinen taba almaydi’. Bul suw İskender ushi’n ju`da` a`hmiyetli yedi. Wol a`biza`mzem suwi’n iship jer ju`zine ma`n`gilik hu`kimdar boli’wdi’ maqset yetedi. Biraq patsha niyetine jete almaydi’. Xisar tawi’ da İskender patsha usi’ suwdi’ izlegendegi wori’nlardi’n` biri yedi. Shayi’r soni’n` ushi’n da Xisar tawi’ni’n` shiyrin suwi’n İskender patsha izlegen a`biza`mzem suwi’na ten`eydi. Bul Xisar tawi’ ta`biyati’ni’n` ta`kirarlanbas a`jayi’bat yekenin ta`riyplew ushi’n wori’nli’ ten`ew.

«Ashxabadta ushi’rasi’wlar» qosi’g`i’nda shayi’r tu`rkmen xalqi’ni’n` folklorli’q qaharmanlari’ menen lirikali’q qaharman psixologiyasi’n baylani’sti’ri’p su`wretleydi. Mi’sali’:

Qi’yali’m-**Go`rug`li’**, i’qlas-**g`i’yrati’m,**

Go`rug`li’ g`i’yrati’n minbege keldim.

Ju`rek menin` ali’p ushqan **qanati’m**,

Alti’n bosag`an`a kirmege keldim.[2]

Ashxabad qalasi’na barg`an shayi’r wo`zinin` dosli’q sezimlerin beriw ushi’n usi’ qatarlardi’ do`retken. Lirikali’q qaharman Tu`rkmenstang`a barg`anda wo`zin sol jerdin` fol`klorli’q qaharmani’ Go`rug`li’ dep sezinedi. Al, i’qlasi’n Go`rug`li’ni’n` tulpar ati’ g`i’yratqa ten`eydi. Yag`ni’y, «i’qlas» g`i’yrati’na mingen «qi’yal» sol yelge bolg`an lirikali’q qaharmanni’n` ji’lli’ sezimlerin bildiredi. Avtor usi’ to`rt qatar arqali’

[1] Сонда, 216-б.

[2] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 223-б.

tu`rkmen xalqi'ni'n` qaraqalpaq xalqi' menen a`zelden sag`alas tuwi'sqan yeller yekenligin ko`rkem sa`wlelendirgen.

«Qazaqstan ji'rlari'» du`rkinindegi «Qazaq dosti'ma» dep atalg`an bo`liminde shayi'r xali'qlar dosli'g`i'n joqari' shi'n`g`a ko`teredi. Mi'sali':

**Qobi'z uslap, Qorqi't qoni's tappag`an**,
Aynalasi'n qara duman qaplag`an.
**Basqa saldi' Asanni'n` mun`-qayg`i'si'n**,
**Shubi'ri'ndi' «qara taban», «aq taban».**

Geyde tu`pti si'bay qong`an yel yeken,
**İrgelesip qondi'ri'lg`an keregem**.
Qaraqalpaq yelinde de ji'rlandi',
«**Qambar bati'r», «Mun`li'q-zarli'q», «To`legen».**[1]

Birinshi shuwmaqta qaraqalpaq ha`m qazaq xalqi'ni'n` milliy saz a`sbaplari'ni'n` biri qobi'z ha`m woni'n` a`psanawiy iyesi Qorqi't atani'n` mifologiyali'q obrazi' jarati'lg`an. Qorqi't atani'n` hesh bir jerde qoni's tappag`anli'g`i' haqqi'nda an`i'zlar da bar. Bul tuwrali' ilimpaz Z.Bekbergenova shayi'rdi'n` «Ji'rawlar tolg`awi'» qosi'g`i'n tallay woti'ri'p: «haqi'yqati'nda da Qorqi't atani'n` ati'na baylani'sli' do`regen qaraqalpaq an`i'zlari'ni'n` biri «Qayda barsan` Qorqi'tti'n` go`ri» degen an`i'zda Qorqi'tti'n` ma`n`gi wo`mir keshiriw ushi'n wo`limnen qashi'wi', wo`z xalqi'na baxi't izlep wo`mir boyi' qobi'z shalg`an ji'rawdi'n` du`n`yag`a bolg`an optimistlik ko`zqarasi' sa`wlelengen»[1] degen juwmaqqa keledi.

U`shinshi, to`rtinshi qatar bolsa qaraqalpaq ha`m qazaq xali'qlari'ni'n` basi'na tu`sken qi'yi'n-qi'staw zamanlardi' sa`wlelendirgen. Tariyxta «Aqtaban shubi'ri'ndi'» degen at penen belgili ko`ship-qoni'wlar ha`m

[1] Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., 24-б.
[1] Бекбергенова З. Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери (70-80-жыллар). Канд. дисс. Нөкис, 1995., 34-б.

woni’n` qi’yi’nshi’li’qlari’ bu`gingi ku`nde de xali’q ta`repinen mun`li’, ayani’sh sezimleri menen yeske ali’natug`i’n waqi’ya. Mine usi’nday awi’r ku`nlerdi de birge bastan keshirgenler de usi’ yeki xali’q boldi’. Soni’n` ushi’n da shayi’r bul xali’qti’ wo`z yeline «irgelesip qondi’ri’lg`an keregem» dep jaqi’n aladi’. Yekinshi shuwmaqti’n` son`g`i’ yeki qatari’nda bolsa yeki xali’qti’n` ma`deniy jaqtan da jaqi’nli’g`i’n bildiriwshi pikirler bar. «Qambar bati’r», «Mun`li’q-zarli’q», «To`legen» da`stanlari’ni’n` qaraqalpaq ushi’n da, qazaq ushi’n da ten`dey miyras shi’g`armalar yekenligi buni’n` da`liyli.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, T.Jumamuratovti’n` Watan ha`m dosli’q temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda folklorli’q su`wretlewlerdin` a`jayi’p u`lgileri berilgen. Shayi’r Watan, tuwi’lg`an jer ha`m woni’n` milliy wo`zinsheliklerin sa`wlelendiriwde folklordag`i’ terme, ayti’m ha`m yertek janri’na tiysli bayanlaw usi’llari’nan sheber paydalang`an.

Xali’qlar dosli’g`i’ temasi’ndag`i’ qosi’qlarda avtor ko`birek tuwi’sqan xali’qlar mentaliteti ko`zqarasi’nan kelip shi’g`i’p, tek qaraqalpaq folklori’ da`stu`rleri menen sheklenip qoymastan, ta`jik, tu`rkmen, qazaq xali’qlari’ni’n` awi’zeki a`debiyati’ du`rdanalari’nan da sheber paydalanadi’.

## II.2. T.Jumamuratovti’n` arnaw ha`m didaktika temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda awi’zeki a`debiyat da`stu`rleri

Ha`r qanday shayi’rdi’n` do`retiwshiligine na`zer salsaq wonda a`lbette arnaw, didaktikali’q qosi’qlardi’ ko`remiz. Tap sonday-aq, T.Jumamuratov poeziyasi’nda da usi’ temalardag`i’ birqansha shi’g`armalar do`retildi. «Woti’ri’spa», «Jetpis jas», «Shayi’rlardi’n` aqsaqali’», «Abay yeskertkishine», «Muxtar A`wezovqa», «Ag`asan`», «Jigitsen`» h.t.b. qosi’qlari’ jazi’wshi’-shayi’rlar ha`m ilim g`ayratkerlerinin` do`retiwshilik isleri ha`m xali’qqa ko`rsetken xi’zmetlerin ta`riyplep jazi’lg`an shi’g`armalar. Abbaz Dabi’lovti’n` do`retiwshilik islerine bag`i’shlang`an «Woti’ri’spa» balladasi’ shayi’rdi’n` arnaw shi’g`armalari’ni’n` ishinde a`hmiyetli wori’n iyeleydi. Balladani’n` birinshi bo`liminde shayi’rdi’n` qayti’s boli’wi’na lirikali’q qaharmanni’n` ku`yinishleri beriledi de, yekinshi bo`liminde qaraqalpaq xalqi’ni’n` bay ma`deniy da`stu`rleri Abbaz shayi’rdi’n` qi’ssaxanli’q wo`neri menen baylani’sti’ri’lg`an halda ta`riyiplenedi. Mi’sali’:

Bul ne degen awi’r matam,
Ju`regimdi qi’si’p **ketti**.
Abbaz ag`a-ulli’ adam,
Kelmes jayg`a tu`sip **ketti**.[1]

Qi’sqa segiz buwi’nli’ qatarlardan quralg`anli’g`i’, ta`kirarlani’wshi’ so`zlerdin` qatnasi’nda du`zilgenliginin` wo`zi fol`klor shi’g`armalarda ushi’rasatug`i’n qosi’qlardi’ yeske saladi’. Bunday mazmundag`i’ qosi’qlar fol`klorda Joqlaw janri’ndag`i’ shi’g`armalar dep ju`ritiledi. Joqlaw a`dette jaqi’n adami’nan ayi’ri’lg`an insan ta`repinen atqari’lg`an. Sonday-aq,

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 223-б.

bunday ko`rinistegi joqlawlar XIX a`sir poeziyasi’nda da ushi’rasadi’. Wo`teshtin` «Wo`tti du`n`yadan» shi’g`armasi’ da du`n`yadan wo`tken shayi’rlardi’ joqlap jazi’lg`an. T.Jumamuratovti’n` biz so`z yetip woti’rg`an balladasi’ni’n` birinshi bo`limi de usi’ taqi’lettegi joqlaw mazmuni’nda jazi’lg`an.

Balladani’n` yekinshi bo`limi tikkeley xali’qti’n` toy beriw da`stu`ri menen baylani’sli’. Mi’sali’:

Bilesiz g`oy qaraqalpaq da`stu`rin,
Qi’z-jigitler ji’ynali’sar keshquri’n.
Ba`yit, juwap, woyi’n-ku`lki, ba`z-bayram,
Pa`renjisin ko`rgen yemes yeskinin`.[1]

Bunda qaraqalpaqlardi’n` yeski da`stu`rlerinin` biri-qi’z- jigitler ayti’si’ haqqi’nda ayti’lg`an. Sonday-aq, qosi’qta:

«Qi’ssaxanlar woqi’maqta qi’ssani’»,
«Boz jorg`aday zi’rg`i’p ala jo`neldi,
Qon`i’rawi’n si’n`g`i’rlati’p tamaqti’n`»
«Jaqsi’lardi’n` ati’ wo`shpes» degen bar,
Ko`rgen janlar wo`mirinshe maqtapti’.»[2]

– si’yaqli’ qatarlar Abbaz shayi’rdi’n` qi’ssaxanli’g`i’n ta`riyplewge qarati’lg`an. Qosi’qti’n` ayti’li’w tempin boz jorg`ani’n` shabi’si’na ten`ewi qi’ssaxanni’n` hesh bir irkinishsiz, bir tegis, yerkin ji’rlap ati’rg`anli’g`i’n ko`rkem sa`wlelendirse, «qon`i’rawi’n si’n`g`i’rlati’p tamaqti’n`» qatari’ qi’ssaxan dawi’si’ni’n` jag`i’mli’li’g`i’n bildiriw ushi’n qollani’lg`an. «Jaqsi’lardi’n` ati’ wo`shpes» naqi’li’n qollani’w arqali’ avtor tek g`ana Abbaz shayi’rdi’ yemes, al uli’wma insaniyat ushi’n wortaq bolg`an ni’zamli’li’qti’ aytadi’. Yag`ni’y, jaqsi’ adamlar tek jaqsi’ na`rselerdi isleydi. Wolar islegen ha`r bir ha`reket ja`miyet ushi’n paydasi’n tiygizbey qoymaydi’. Sonli’qtan da, jaqsi’ adamni’n` wo`zi wo`lse de, islegen isleri

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 153-б.
[2] Сонда, 153-155-б.

wog`an tiyisli jaqsi’li’qlar menen ma`n`gi tiri jasaydi’. Abbaz shayi’rdi’ da biz do`retken shi’g`armalari’ arqali’ tani’ymi’z, ko`rkemliligi arqali’ waqi’t si’nag`i’nan wo`tkenligi ushi’n da qa`dirleymiz. T.Jumamuratov ta qi’ssaxan-shayi’rdi’n` a`debiyatqa qosqan u`lesin na`zerde tutqan halda woni’ jaqsi’ adamlar qatari’na qosadi’.

Naqi’l-maqallardi’ qollani’wda shayi’r naqi’ldi’ toli’g`i’ menen ali’p qoymastan, bir bo`legin g`ana qollang`an wori’nlar da ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Tegin adam ko`pshilikti yerte me?
«Mi’n`nan tulpar» depti birew yertede.
Haq ko`kiregin`-a`dilliktin` ni’shani’,
To`ben`de tur asqar tawday ma`rtebe.[1]

Bul qosi’q wo`miri dawami’nda xali’qqa xi’zmet yetken Q.Kamalovti’n` 50 ji’lli’q yubileyine arnap jazi’lg`an ta`riyp qosi’q. Birinshi qatar Q.Kamalovti’n` yel basqari’wshi’li’q qa`biletin ta`riyplese, yekinshi qatarda woni’n` ayri’qsha aqi’l ha`m uqi’pli’li’qqa iye insan yekenligin an`lati’p tur. Bundag`i’ «Ju`zden ju`yrik, mi’n`nan tulpar shi’g`adi’» naqi’li’ni’n` tek bir bo`leginin` g`ana ali’ni’wi’ uyqasti’n` uti’mli’ shi’g`i’wi’, ko`rkemliliktin` ta`miynleniwi ushi’n xi’zmet yetken. U`shinshi, to`rtinshi qatar xali’q qaharmani’ni’n` minezindegi unamli’ qa`siyetlerdi ha`m wo`z xi’zmeti menen tapqan abi’roy-ma`rtebeni sa`wlelendirgen.

Shayi’r do`retiwshiligindegi arnaw qosi’qlarda zamanlaslari’n mifologiyali’q qaharmanlarg`a ten`ewi ko`plep ushi’rasadi’. T.Na`jimov, D.Eshimbetovlardi’ Alpami’sqa, J.İskenderov, A.Durdi’evlardi’ Go`rug`li’g`a, S.Mi’lti’qbaevti’ Qoblang`a ten`ep jazadi’. Al, Miynet qaharmani’, shi’paker Worazi’mbet Xalmuratovqa arnap jazg`an qosi’g`i’ «Uli’qman ag`a» dep ataladi’. Uli’qman xali’q a`psana ha`m yerteklerinde shi’pasi’ joq awi’ri’wdi’n` da dawasi’n taba alatug`i’n ta`wip obrazi’nda qatnasi’ti’ri’ladi’. Wo.Xalmuratov yen` qi’yi’n jag`daylarda da awi’ri’wg`a

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 181-б.

yem taba alatug`i’n shi’paker yekenligi xali’qqa ma`lim. Soni’n` ushi’n da shayi’r:

Kelgen pa`leketti ko`rip aynaday,
Jan da`rtine dawa tapti’n` qi’ynamay,
Ka`ramatli’ A`biw İbn Sinaday,
Ku`nshi’g`i’stan shi’qqan uli’qsan`, ag`a.[1]

– dep jazadi’. A`biw Ali ibn Sina tariyxi’y shaxs. Woni’n` meditsina ilimi boyi’nsha jazi’p qaldi’rg`an miynetleri a`sirler dawami’nda xali’qqa xi’zmet yetip kelmekte. Sonli’qtan İbn Sina ismi de wo`lmes qaharmang`a aylani’p u`lgergen ma`n`gilik wobrazlardi’n` biri. Shayi’r bul qatarlar arqali’ Wo.Xalmuratov xi’zmetleri de a`sirlerge tati’rli’q ku`shke iye yekenligin ta`riypleydi.

Sizge bersin dani’shpanni’n` mi’n` jasi’n,
Ha`zirgi ha`zireti Uli’qman ag`a[1]

– dep keltiriwi Ha`kim Uli’qpanni’n` dani’shpanli’g`i’ shi’pakerge miyras boli’p qalg`anli’g`i’n ko`rsetedi. Soni’n` ushi’n da shayi’r xali’q g`ayratkerin bu`gingi ku`nnin` Uli’qpani’ da`rejesine ko`teredi.

T.Jumamuratovti’n` arnaw qosi’qlari’nda salt-da`stu`r ji’rlari’ni’n` biri – bet ashar u`lgisindegi qosi’qlar da ushi’rasadi’. Mi’sali’, xali’qqa taralg`an bet asharlarda:

**Ataqli’ paxtakesh atang`an,**
**Miynette bolg`an qaharman,**
**Kegeylidey yelatta,**
**Worni’ bar qatardan.**
Uli’n wo`sirgen uyada,
Qi’zi’n qondi’rg`an qi’yag`a,
Ha`zir hu`rmetli pensiyada,
**Ta`jibay hu`rmetli atan`**,

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 189-б.
[1] Сонда, 190-б.

**Wog`an berin` bir sa`lem.**[2]

– dep ayti'latug`i'n bolsa, shayi'rdi'n` Sh.Muwsaevqa arnalg`an yepigrammasi'nda:

Jetpisinde jas bolg`an,
**Paxtakeshke bas bolg`an,**
Tasqi'n miynet sag`asi',
**Awi'li'ni'n` ag`asi',**
Jari'sta jastan wozi'wg`a,
Keledi woni'n` shamasi',
**Abi'royi' biyik qatardan**,
**Shamurat ata qaharman,**
**Wog`an berin` bir sa`lem!**[1]

Eki qosi'qti'n` da mazmuni' derlik birdey. Birinshisi ilimpazlar Q.Maqsetov ha`m K.Pali'mbetovlardi'n` xali'q arasi'nan ji'ynalg`an materiallari'nan ali'ng`an bolsa, yekinshisi shayi'r T.Jumamuratovqa tiyisli shi'g`arma. Birinshi mi'sal kelinshek kelgende qaysi' bir da`wirlerde woqi'lg`an betashar, woni'n` avtori' belgisiz. Biraq, woni' da kimdur do`retken. Xali'qshi'lli'g`i' ushi'n da awi'zeki do`retpege aylang`an. T.Jumamuratovti'n` epigrammasi'ni'n` tili de xali'q awi'zeki do`retpeleri tiline ju`da` jaqi'n. Bul epigramma da ku`ni kelip xali'q awzi'na tarali'p ketiwi de mu`mkin.

Arnaw qosi'qlari'nda da`stan tiline u`nles qatarlar da joq yemes. «Qi'yas ji'rawg`a», «Japaq baqsi'g`a» qosi'qlari'ni'n` ha`r bir shuwmag`i'ni'n` «Qi'yassan`», «bu`lbilim» si'yaqli' so`zlerdin` ta`kirarlani'wi' menen juwmaqlani'wi' da`stanlardag`i' ha`r bir shuwmaq aqi'ri'nda ta`kirarlawlardi'n` keletug`i'nli'g`i'n yeske tu`siredi. Sonday-aq:

Qaraqalpaq xalqi'm ushi'n ko`p jasa,
**Bir jup woti'z jasqa tolg`an jigitsen`.**[2]

---

[2] Мақсетов Қ., Палымбетов К. Қарақалпақ дәстүр қосықлары. Нөкис, «Билим», 1997-ж., 40-б.

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 193-б.

– degen qatarlar «Sayatxan-Hamire» da`stani’ndag`i’:

Men sag`an ashi’q boldi’m,

**Bir jup wonbes jasi’n`da**

– qatarlari’n yeske saladi’.

Xali’q terme-tolg`awlari’ndag`i’ qaytalawlar qosi’q uyqasi’ni’n` suli’wli’g`i’n, muzi’kali’li’g`i’n ta`miynleydi. Mi’sali’:

Bir degende **ne jaman**,

Bilimsiz wo`sken ul **jaman**,

Eki**lenshi ne jaman,**

Erkelep wo`sken ki’z **jaman**.

U`shi**lenshi ne jaman**,

U`shkilsiz pishken ton **jaman.**

To`rti**lenshi ne jaman,**

To`rde woti’rg`an To`rebiy,

To`resin buzsa sol **jaman.**[1]

Bul qatarlarda xali’q didaktikasi’ ji’rlang`an. So`zlerdin` ta`kirarlani’wi’ yadlap ali’wg`a ju`da` qolayli’. Usi’nday ta`kirarlawlar T.Jumamuratovti’n` arnaw qosi’qlari’nda da ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Naq Ernazar palwansan`,

**Geyde ko`rsem**, ari’qtay,

**Geyde ko`rsem**, Berdansan`,

**Geyde ko`rsem** – Za`ripbay.

**Birde ko`rsem**, tarbaqsan`,

**Birde ko`rsem**, a`rwaqsan`.

**Birde ko`rsem**, Ko`shkinbay,

**Birde ko`rsem**, Berdaqsan`.[1]

---

[2] Сонда, 201-б.

[1] Қарақалпақ фольклоры. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980. V том, 377-б.

Xali’q artisti R.Seyitovqa arnalg`an bul qosi’qta avtor aktyordi’n` saxnada woynag`an rollerin birme-bir sanap ko`rsetedi de, son`i’nan woni’n` aktyorli’q sheberliklerin ta`riypleydi. Bul shayi’rg`a ha`r bir rolge wo`z aldi’na toqtali’p, tu`sindirme berip woti’rmastan, birgelkili qaytalawlar arqali’ aktyordi’n` bir neshe rollerdi sheberlik penen atqarg`anli’g`i’n qi’sqa ha`m tuji’ri’mli’ qatarlar menen jetkeriwine imkaniyat beredi.

T.Jumamuratovti’n` didaktikali’q shi’g`armalari’ da fol`klorli’q da`stu`rler menen suwg`ari’lg`an. Wol filosofiyali’q-didaktikali’q mazmung`a iye ko`plegen to`rtliklerdin` avtori’. Wo`mir zan`li’li’qlari’, insaniyat turmi’si’, ja`miyettegi ha`m shan`araqtag`i’ moralli’q qatnasi’qlardi’ sa`wlelendiriwde shayi’r xali’q awi’zeki do`retpelerinen, a`sirese, naqi’l-maqallardan sheber paydalanadi’. Mi’sali’:

Bir xali’qti’ uri’wlarg`a bo`lgenin`,
Du`n`yadag`i’ jeti jinim sol menin`.
**«Bo`lingendi bo`ri jeydi»** degen bar,
Sen wo`zin`di bo`lekletsen`–wo`lgenin`.[2]

Qaraqalpaq tariyxi’nda ayi’ri’m kelispewshiliklerge baylani’sli’ biylerdin` ala awi’zli’g`i’ni’n` sebebinen puqara xali’qti’n` jawlardan ko`p ja`bir ko`rgenligi si’r yemes. Bull ha`diysenin` awi’r aqi’betleri xali’qta «Bo`lingendi bo`ri jer» naqi’li’ni’n` payda boli’wi’na sebep bolg`an. Bu`gingi ku`n ushi’n da a`hmiyetli bolg`an bul qag`i’yda shayi’r to`rtliginde ken` pikirdi i’qshamlap jetkerip beriwde u`lken xi’zmet atqarg`an. Avtor uri’wlarg`a bo`liniwdin` unamsi’z qa`siyet yekenligin ayti’p, usi’ qubi’li’sqa wo`z qatnasi’n poetikali’q qatarlar menen bildirgen.

Naqi’ldi’n` uyqasli’ qosi’qta ju`yi bilinbesten toli’g`i’ menen qatnasti’ri’li’wi’ a`lbette folklorli’q do`retpelerden paydalani’wdi’n` sheber u`lgisi. Biraq, shayi’rda sonday qatarlar bar, bunda avtor naqi’l-maqaldi’ sol turi’si’nda qollanbastan, al woni’ wo`zgertip, wo`z pikiri arqali’ naqi’l-

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 207-б.
[2] Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., 5-б.

maqal beretug`i'n ideyani' qi'sqa qatarlar menen jetkere aladi'. Bul qubi'li'sti' joqari' talantqa iye shayi'r poeziyasi'nda g`ana ushi'ratami'z. Mi'sali':

Sabi'rli'li'q–jaqsi'li'qti'n` ni'shani',

Ashi'w–dushpan – aqmaqli'qti'n` pi'shag`i'.

Wo`z yerkin`di ashi'wi'n`a jen`dirsen`,

Aqi'l sennen tapi'raqlap qashadi'.[1]

Bul to`rtlikte «Ashi'w – dushpan, aqi'l – dos» naqi'li' ken`eytilgen qatarlar menen berilgen. Sabi'rli'li'q jaqsi'li'qti'n` belgisi. Yag`ni'y, aqi'lli' adam sabi'rli' boladi'. Ha`r bir isti sabi'rli'li'q penen isleydi, qi'yi'nshi'li'qlardi' da sabi'rli'li'q penen jen`edi. Al aqmaq bolsa tek ashi'wi'na ku`sh berip, sabi'rsi'zli'q qi'li'p qayta ha`mme na`rsenin` was-wayrani'n shi'g`aradi'. Soni'n` ushi'n da «ashi'w» – adamni'n` dushpani'. Ashi'wi'n` kelgende wo`zin`di basqaralmay qali'wi'n` da mu`mkin. Soni'n` ushi'n da aqmaqli'qti'n` yen` jaqsi' qurali' bolg`an ashi'w – keskir pi'shaqqa ten`elgen. «Aqi'l sennen tapi'raqlap qashadi'» degen qatarda avtor janlandi'ri'wdan paydalang`an. Janlandi'ri'w – jansi'z zatlardi' janli'day yetip sa`wlelendiriwshi ko`rkem su`wretlew qurali'. Abstrakt atli'q «aqi'l» di' jani' barday yetip su`wretlewi pikirge bir qansha yumorli'q keyip bergen.

Ata-ana ha`m perzent arasi'ndag`i' moralli'q qatnasi'qlar, ta`rbiya ha`m wonnan wo`nip ka`malg`a kelgen ul-qi'zlar si'yaqli' ma`seleler shayi'rdi'n` didaktikali'q qosi'qlari'ni'n` tiykarg`i' temalari'nan boldi'. Mi'sali':

Ul perzentin` – quwani'shli' toyxanan`,

Qi'z perzentin` –bari'p keler bay qalan`.

Jaqsi' perzent – wo`mirin`nin` qanati',

Qartayg`anda jasartadi' qaytadan.[1]

Yamasa:

---

[1] Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., 5-б.

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 100-б.

Egin ta`rbiyasi’ bastan boladi’,

Adamg`a ta`rbiya jastan boladi’.

Qarawsi’z yeginnen hesh hasi’l ku`tpe,

Ta`rbiyasi’z bala dushpan boladi’.[2]

Qaraqalpaq xalqi’nda perzent ta`rbiyasi’ haqqi’nda «Jaqsi’ perzent jan azi’g`i’», «Balani’ jastan», «Bolar bala bes jastan», «Atag`a qarap ul wo`ser, anag`a qarap qi’z wo`ser» si’yaqli’ naqi’llar bar. Birinshi to`rtlikte ta`rbiyali’ perzent ha`r dayi’m ata-anasi’na jaqsi’ at keltiredi, i’layi’q miyrasxor boladi’. Soni’n` ushi’n da shayi’r jaqsi’ perzentti ata-anani’n` wo`mirinin` jalg`awshi’si’, qanati’na ten`eydi. Yekinshi to`rtlikte bolsa ha`r bir ata-ana perzentin jas waqti’nan baslap ta`rbiyalawi’ za`ru`r yekenligin uqti’radi’. Sebebi, ta`rbiyasi’z qalg`an perzent tap qarawsi’z qalg`an yegindey jemisli miywe bere almaydi’.

Sonday-aq, T.Jumamuratov didaktikali’q shi’g`armalar do`retiwde yerteklik syujetlerden, terme ha`m a`psana janrlari’na ta`n bayanlaw usi’llari’nan ken` paydalanadi’. Mi’sali’, woni’n` «Quwani’sh penen uwayi’m» atli’ shi’g`armasi’ terme janri’nda jazi’lg`an:

Taw bar jerde bulaq bar,

Ko`z bar jerde qulaq bar.

Qulaq bar jerde ko`z bolar,

Yel bar jerde so`z bolar.[1]

Bul qatarlar xali’q awi’zeki do`retpelerindegi termeler menen birge shi’g`armalari’ yari’m folklorli’q do`retpe dep ayti’latug`i’n Asan qayg`i’ termeleri menen de u`nles keledi. Shayi’r a`yemnen kiyati’rg`an termeler tiline jaqi’n didaktikali’q qatarlarg`a wo`z da`wirine say keletug`i’n jan`asha pikirlerge iye qatarlardi’ da do`retken. Mi’sali’:

Paxta bar jerde shigit bar,

Qi’z bar jerde jigit bar.

[2] Сонда, 108-б.
[1] Сонда, 117-б.

Ko`l bar jerde bali’q bar,

Suw bar jerde xali’q bar.[2]

Folklordi’n` da`slepki u`lgileri do`retilgen da`wirlerde «paxta», «shigit» tu`sinikleri qollani’lg`anli’g`i’n ushi’ratpaymi’z. Bul shayi’rdi’n` termege say uyqas ha`m mazmunli’q birlikti saqlawi’ ushi’n xi’zmet yetken. Sebebi, da`slepki qatarlarda shayi’r bir-biri menen yegiz ju`retug`i’n tu`siniklerdi keltiredi. Paxta bar jerde woni’n` tiykari’n jarati’wshi’ tuqi’m – shigittin` bolmawi’ mu`mkin yemes. Termenin` keyingi qatarlari’nda pikir teren`lesedi. Shayi’rdi’n` negizgi aytajaq bolg`an ideyasi’ ko`rine baslaydi’. Mi’sali’:

Bilgir bar jerde nadan bar,

Jaqsi’ bar jerde jaman bar.

Jorg`a bar jerde jortaq bar,

Bati’r bar jerde qorqaq bar.[2]

Bull qatarlarda avtor bir-birine qarama-qarsi’ bolg`an tu`siniklerdin` ha`r dayi’m birge ju`retug`i’nli’g`i’n keltirip wo`tedi. Haqi’yqati’nda da, du`n`ya qarama-qarsi’li’qlarg`a toli’. Jaqsi’ni’n` jaqsi’ yekenligin, Bati’rdi’n` bati’r yekenligin a`tiraptag`i’ wog`an qarama-qarsi’ xarakterdegi tipler arkali’ g`ana an`laymi’z. Termenin` yen` son`g`i’ yeki katari’ avtordi’n` pikirin juwmaqlaydi’. Mi’sali’:

Quwani’sh penen uwayi’m,

Yegiz tuwg`an ag`ayin.[1]

Shayi’rdi’n` «A`biw a`psanasi’» atli’ shi’g`armasi’ xali’q ra`wayati’ tiykari’nda jazi’lg`an. Bul shi’g`armani’n` syujeti tek ra`wayatlarda yemes, al, yertek janri’nda da bizge belgili. Sebebi, bul syujet didaktikali’q xarakterde boli’p, balalardi’ ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye. Yertektin` mazmuni’ to`mendegishe: Bir bala salma boylap ketip barati’rsa suwda

[2] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 117-б.

[2] Сонда, 117-б.

[1] Сонда, 117-б.

qi’zi’l alma qalqi’p barati’rg`ani’n ko`redi. Almani’n` suli’wli’g`i’ sonshelli, aqi’lli’, ko`rgenli boli’wi’na qaramastan, bala yeriksiz woni’ ali’p bir tisleydi. Son` birewdin` na`rsesin jegenligi ushi’n wo`kinip, iyesinin` razi’li’g`i’n ali’w ushi’n salmani’ jag`alap kete beredi. Jolda bag` ushi’rasadi’. Bala bag`di’n` bag`mani’ menen ko`risip: – Sizin` bag`i’n`i’zdi’n` almasi’ma? – dep soraydi’. Bag`man: – Yaq, bul mennen u`lken ag`amni’n` bag`i’nan bolsa kerek. Usi’ salmani’ jag`alap ketebersen`, ja`ne bir bag` shi’g`adi’. Soni’n` iyesinen sorap ko`r, – dep juwap beredi. Bala salmani’ jag`alap ja`ne jolg`a tu`sedi. Jolda aldi’n`g`i’ kirgen bag`i’na uqsas bag` ko`rinedi. Buni’n` iyesinen de almani’ soraydi’. Wol ja`ne bir bag`di’ siltep jiberedi. U`shinshi bag`di’n` bag`mani’ almani’n` iyesi boli’p shi’g`adi’. Wol baladan ne sebep almani’n` iyesin izledin`, dep sorag`anda bala: – Men ruxsatsi’z birewdin` almasi’n jedim. Yendi usi’ almani’n` iyesin razi’ qi’li’wi’m kerek. Ayti’n`, men ne islesem siz usi’ almani’ jegenim ushi’n razi’ bolasi’z, – deydi. Sonda bag`man balani’n` hu`jdani’ pa`k yekenligin bilip : – Menin` bir qi’zi’m bar, woni’n` ko`zi soqi’r, wo`zi saqaw, qulag`i’ geren`, ayag`i’ sholaq. Yeger sol qi’zi’ma u`ylensen` men sennen razi’ bolaman, – deydi. Bala hesh yekilenbesten razi’ boladi’. Keyin bilse bag`man qi’zi’ni’n` jaman na`rsege ko`z salmaytug`i’ni’ ushi’n soqi’r, pa`tiwasi’z so`z aytpaytug`uni’ ushi’n saqaw, kereksiz ga`plerdi ti’n`lamaytug`i’nli’g`i’ ushi’n geren`, naduri’s joldan ju`rmeytug`i’nli’g`i’ ushi’n sholaq dep aytqan boladi’.

Bull syujette aldi’n`g`i’ yeki bag`manni’n` da «alma meniki yemes» dep qabi’l yetpegenligin` wo`zi bul ag`a-inilerdin` de birewdin` haqi’si’n jemeytug`i’n hadal insanlar yekenligin ko`rsetedi. Usi’ syujet T.Jumamuratovti’n` «A`biw a`psanasi’» shi’g`armasi’na tiykar yetip ali’ng`an. Bayanlaw usi’li’ yerteklik janrg`a uqsas:

Buri’n-buri’n-buri’nda,
Bir belgili wori’nda,
Wa`ysilqara tawi’nda,

Buri’n degen awi’lda,

Tawdi’n` qubla woyi’nda,

Ja`yhun da`r`ya boyi’nda,

Qaraqalpaq yelinde,

Aqsha degen ko`linde,

Shi’qqan yeken soyaqtan,

Tu`p negizi qi’yattan –

Abiw degen balani’,

Ha`mme tilge aladi’.[1]

Shayi’r didaktikali’q qosi’qlar do`retiwde ko`shpeli syujetlerden de sheber paydalanadi’. «Bala tuwrali’ so`z» shi’g`armasi’nda ba`rshege ma`lim bolg`an a`psana, yertekke syujet boli’p ju`rgen İskender patsha haqqi’nda ayti’ladi’. Yag`ni’y, İskender patsha sonshelli zali’m, sonshelli qa`ha`rli, qanxor bola turi’p, tamag`i’na su`yek qadali’p, balasi’ shali’narda bir «ah» degenin wo`zi de bilmey qaladi’. Bul ata-ana ushi’n perzenttin` qanshelli da`rejede a`ziz yekenligin sa`wlelendiriwshi syujet. Shayi’r usi’ syujetti de poetikali’q qatarg`a sali’p, ko`rkem-estetikali’q zawi’q bag`i’shlawshi’ shi’g`arma do`retken.

Juwmaqlasti’ri’p aytkanda, T.Jumamuratovti’n` arnaw ha`m didaktikali’q qosi’qlari’ xali’q awi’zeki da`stu`rleri menen teren` suwg`ari’lg`an. Woni’n` bir qansha to`rtliklerinde naqi’l-maqallardi’n` sheber qollani’li’wi’, terme, a`psana, yertek, ra`wayat janrlari’nda poetikali’q qa`lem terbetkenligi buni’n` ayqi’n da`liyli bola aladi’.

[1] Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., 9-б.

## III. Bap. Shayi'rdi'n` yumor-satirali'q qosi'qlari'nda ha`m ayti'slari'nda folklorli'q su`wretlew qurallari'ni'n` a`hmiyeti

### III.1. T.Jumamuratovti'n` yumor-satirali'q qosi'qlari'nda folklorli'q ironiya ha`m sarkazm

«**Satira** «grek tilinen satira - **masqaralaw, a`jiwalaw** ma`nisinde) turmi'stag`i' unamsi'z na`rselerdi keskin tu`rde qaralap, a`jiwalap ko`rsetiwshi ko`rkem su`wretlew usi'li'. Satira a`debiyatti'n` barli'q janrlari'nda qollani'ladi' ha`m wonda sarkazm, ironiya si'yaqli' wo`mirdegi unamsi'z qubi'li'slardi' a`shkara yetiwshi su`wretlew usi'llari' jedel isletiledi. Satira jay g`ana si'naw, adamni'n` kemshiligin ma`zi g`ana a`piwayi' su`wretlew yemes, al wol Belinskiy aytqanday: "qaynag`an g`a`zeptin` pa`tli yenergiyasi', mehriybanli'q g`a`zeptin` gu`ldirmamasi', shaqmaq woti' boli'wi' kerek".»[1]

Al, **yumor** «lati'nsha humor - **da`lkek, ku`lki** ma`nisinde) turmi'stag`i' geypara qolaysi'z momentlerdi ku`lki arqali' su`wretlew. Ko`binshe, a`debiy shi'g`armalarda satira ha`m yumor bir-biri menen aralasi'p ju`rse de, yumor jen`il ku`lkige quri'lg`an, wol satira si'yaqli' wonsha nishterlemeydi, biraq yekewi de turmi'stag`i' qolaysi'z na`rselerdi du`zetiwge qarati'ladi'.[2]

T.Jumamuratov yumor-satirali'q qosi'qlardi'n` sheberi. Woni'n` to`rtliklerinde de satirali'q pikirler ushi'rasadi'. Bunda shayi'r xali'q awi'zeki do`retpelerinin` biri naqi'l-maqallardan paydalanadi'. Mi'sali':

Birew **shaljaqladi'** bayli'q tapqang`a,
Arsi'nbadi' haram degen attan da,

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис, «Билим», 1994, 186-б.
[2] Сонда, 238-б.

**«Urli'q tu`bi – xorli'q»** degen maqalday,

Bir ku`nleri **sharta tu`sti qaqpang`a**.[1]

Bul to`rtlikte napa`k jol menen, urli'q penen ku`n keshiretug`i'n adamlar a`shkaralanadi'. «Shaljaqlaw», «qaqpang`a tu`siw» si'yaqli' mi'sqi'lli' qatarlar lirikali'q personajdi'n` qi'lmi'slari'n satirali'q usi'lda a`shkaralaw ushi'n xi'zmet yetken.

Shayi'r yumor-satirali'q qosi'qlar do`retiwde fol`klorli'q ironiyalardi' qollanadi'. «İroniya – ko`rkem shi'g`arma tekstinde qollani'latug`i'n mi'sqi'lli' so`z, qashi'ri'm, da`lkek.»[2]

Xali'q an`i'zi' tiykari'nda jazi'lg`an «Suwg`a ketken adam» qosi'g`i' satirali'q shi'g`arma. Bunda A`sfendiyar xanni'n` zali'm, jawi'zli'g`i' kritikalanadi'. Usi' arqali' avtor qol asti'ndag`i'larg`a ju`da` qatti'qol adamlardi'n` u`stinen ku`ledi. A`sfendiyar xan wo`zin suwdan qutqarg`an ji'lqi'shi'g`a qarata:

Maqtansi'n yelin`, aymag`i'n`,

A`ygili xani' Xiywani'n`.

A`sfendiyar tap wo`zim,

İyesi barli'q du`n`yani'n`.[3]

– dep wo`zin maqtaydi'. Bunday si'pattag`i' ironiya, yag`ni'y, sol adamni'n` xarakterinin` qarama-qarsi' ta`replerinin` maq`ali'wi' xali'q da`stanlari'nda («Yedige»de Toqtami's, «Qi'ri'q qi'z»da Surtaysha h.t.b.) ko`plep ushi'rasadi'. Shayi'r qosi'g`i'ndag`i' A`sfendiyar xan da xali'q ushi'n a`ygili yemes, barli'q du`n`yani'n` iyesi de yemes. Xali'q woni' si'ylag`anli'qtan ta`n almaydi', al zali'mli'g`i' ha`m aqi'lsi'zli'g`i' aqi'betinde biygu`na qan to`gilmewi ushi'n g`ana qarsi' barmaydi'. Negizinde, xali'q woni' jek ko`redi. Shamasi'n bilmey wo`zin wo`zi

---

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 262-б.
[2] Салаев Ф., Қурбониёзов Г. Адабиётшунослик атамаларининг изоҳли сўзлиги. Тошкент, «Янги аср авлоди», 2010., 87-б.
[3] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 272-б.

maqtawi’ A`sfendiyar xanni’n` wog`i’ri’ aqi’lsi’z yekenligin satirali’q usi’lda a`shkaralag`an. Ji’lqi’shi’ wol ina`m yetpekshi bolg`an abi’roy ma`rtebeden waz keshedi:

Qi’zbayman du`n`ya alg`ang`a,
Tilim barmas jalg`ang`a,
Qanday baxi’t tabi’lar,
Sarayi’n`a barg`anda?!

Xali’q penen da`wran su`rgenim,
Xanli’g`i’n`nan mi’n` arti’q.[1]

Ji’lqi’shi’ bul ga`pleri arqali’ xan sarayi’nda jasawshi’ ha`meldarlar, ka`nizek, uli’wma barli’q tirishilik yetiwshi janlardi’n` qurg`i’n turmi’s keshirgeni menen, birde-birewi baxi’tli’ yemesligin aytadi’ da, bay boli’p mazmunsi’z wo`mir su`rgennen, jarli’ boli’p shadli’ wo`mir keshirgendi abzal ko`redi. Maqtanshaq xandi’ kritikalawshi’ bir qansha ga`pler aytadi’:

Elge qa`dirin` qalmag`an,
Xanli’q baxi’t bolmag`an.
– Qutqardi’, – dep til qatpa,
U`lken si’yli’q sol mag`an.[2]

Bul qatarlarda shayi’r ji’lqi’shi’ tilinen xandi’ ashshi’ ku`lkige aladi’. Sebebi, yeger xan xali’qqa woni’ ji’lqi’shi’ suwdan qutqarg`ani’n aytsa, xali’q ji’lqi’shi’ni’ sonday a`dalatsi’z xandi’ qutqarg`ani’ ushi’n qa`ha`rlenedi. Bul yel basqari’wshi’ adam ushi’n wo`lim menen barabar. Ji’lqi’shi’ da xandi’ jaman ko`redi. Tek g`ana adamgershilik ko`zqarasi’nan woni’ qutqaradi’.

Shi’g`armani’n` aqi’ri’nda avtor an`i’zdan juwmaq shi’g`aradi’. Bull ko`birek ti’msalli’q shi’g`armalardag`i’ juwmaqlawg`a uqsap ketedi. Mi’sali’:

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 273-б.
[2] Сонда, 273

Qural yetip hamaldi’,

Belgileme shaman`di’.

Xali’q – ta`rezi, wo`lshep tur,

Jaqsi’ menen jamandi’.[1]

«Sarkazm – turmi’stag`i’ unamsi’z na`rselerdi wo`tkir tu`rde mi’sqi’llap, tu`yrep su`wretlewshi satirali’q usi’l. Bunday su`wretlew usi’li’nda qaharmanni’n` boyi’ndag`i’ unamsi’z ha`reketler, si’rtqi’ pishimge tiyisli ko`rinisler bile-go`re mi’sqi’l tu`rinde bo`rttirilip, ulg`ayti’p ta ko`rsetiledi ha`m wonda si’naw, minew u`lken a`hmiyetke iye.»[2] T.Jumamuratov poeziyasi’nda sarkazmni’n` a`jayi’p u`lgisi ushi’rasadi’. Woni’n` «Wo`sekshiler» dep atalg`an satirali’q qosi’g`i’nda:

Tek wo`zleri – «Ma`rdana»,

Tek wo`zleri – jurttan asqan «zor dana».

Eldin` «basqa bati’ri’ joq»,

Hesh birinin` «maquli’ joq».

Qulaq sali’p – Bul ne? – desek,

Si’psi’n`-si’psi’n`, i’lg`i’y wo`sek.[3]

Bunda joq jerden ga`p shi’g`ari’p, wo`sek tabi’wshi’lar qatti’ si’ng`a ali’nadi’. Tek wo`zlerinin` ha`reketlerin duri’s dep yesaplawshi’ «bati’rlar»di’n` ku`lkili halati’ sarkazm qurali’ menen a`shkaralanadi’.

Uli’wma aytqanda, T.Jumamuratovti’n` yumor-satirali’q qosi’qlari’nda qollani’lg`an ironiya ha`m sarkazmlar wo`zine ta`n sheberlik penen quri’lg`an. Wolarda folklorli’q stil sezilip turadi’.

---

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 273-б.

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: Билим, 1994, 186-бет.

[3] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 278-б.

## III.2. Shayi’rdi’n` ayti’s janri’ndag`i’ qosi’qlari’nda xali’q awi’zeki a`debiyati’ da`stu`rleri

Ayti’slar – «ayti’si’w» so`zinen ali’ng`anli’g`i’ ushi’n da «so`z arqali’ bellesiw» mag`anasi’n bildiredi. Soni’n` ushi’n da ko`rkem so`z wo`nerinin` ayri’qsha tu`rlerinin` biri qaraqalpaq a`debiyati’nda yerte da`wirlerden baslap ushi’raydi’. «So`z jari’si’», «dilwarlar» jari’si’ si’pati’nda qabi’l yetiledi. «Juwap ayti’s» qaraqalpaq salt-da`stu`r qosi’qlari’ni’n` bir tu`ri bolg`ani’ menen de ayti’s janri’ni’n` negizin quraydi’. Bundag`i’ yen` basli’ tema qi’z ha`m jigitlerdin` aqi’l-parasatli’li’g`i’n si’naw. Yerte da`wirlerde teatr, kino ha`m basqa da jaslardi’n` kewil asharli’q woraylari’ joq waqi’tlarda jaslar wo`zlerinshe geshtek, ba`zimler quri’p, birin-biri si’nag`an. Bunda qi’z-jigitlerdin` woti’ri’p-turi’si’, a`depliligi, aqi’lli’li’g`i’ ha`r ta`repleme ko`zden wo`tkerilgen. Bul jag`daylardi’n` ha`mmesi de wolardi’n` so`zleri arqali’ si’nalatug`i’n bolg`an. Juwap ayti’slari’ sol tiykarda payda bolg`an.

T.Jumamuratov poeziyasi’nda ayti’s janri’ni’n` awi’zeki ha`m jazba tu`rindegi formalari’n ko`remiz. Shayi’r ko`birek qazaq shayi’rlari’ menen, jergilikli xali’qtan shi’qqan to`kpe shayi’rlar menen ayti’sqan. Wol ha`tteki, ayti’slari’nda da xali’q ma`pin ji’rlag`an, xali’qti’n` u`stinen ku`lmekshi bolg`an shayi’rsi’maq wa`killerdi jazba formadag`i’ ayti’s arqali’ si’ng`a aladi’. «1935-ji’llari’ Moynaq rayoni’ni’n` «Ma`deli» awi’li’na Ka`rimbay Muwsaev degen jigit mug`a`llim boli’p baradi’. Wol ha`mmege wo`zin shayi’r dep tani’tqi’si’ keledi, ha`zil jazadi’. A`sirese, qi’z-jigitlerge si’n tag`a beredi. Soni’n` bir qosi’g`i’n awi’l ken`esinin` xatkeri Ma`rpet Na`menov degen jigit awi’lda awi’ri’p jati’rg`an jas shayi’r Tilewbergen balag`a (wol ku`nde solay atag`an) ali’p baradi’. Wol Ka`rimbaydi’n` so`zine qosi’q jazadi’.»[1] Ka`rimbaydi’n` so`zinen mi’sal keltireyik:

---

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 286-б.

Moynaqti’n` yeline keldim,
Ma`deli jerine keldim.
Ten`izin, ko`llerin ko`rdim,
Eginleri de bar yeken.

Jaslari’ woti’ri’spa qurar,
Qi’z-jigitler sog`an barar.
U`lkenler to`rde woti’rar,
Bizlerdi si’ylamas yeken.

Qi’zlari’ suli’w bolsa da,
Bergen keseni alsa da,
Bir wo`zi awlaq qalsa da,
Aytqan tildi almas yeken.

Qi’z jen`gesi tani’madi’,
Aynaxani’ mazaqladi’,
So`ytip mag`an qaramadi’,
Shayi’rdi’ an`lamas yeken.

Tu`siremen abi’rayi’n,
Ha`mme jurtqa tani’tayi’n,
Qosi’q jazi’p qati’rayi’n,
Kimnin` zori’n bilmes yeken.

Shayi’r boli’p ati’n jayg`an,
Muwsa uli’ Ka`rimbayman,
Qosi’q jazi’p qorqi’taman,
Shayi’rli’qti’ bilmes yeken.[1]

Bunda qosi’q da`stu`riy kirisiw, yag`ni’y, bayan yetilejaq wori’ndi’ tani’sti’ri’w menen baslanadi’ da, mi’sqi’l, a`jiwali’ shuwmaqlardan son` qosi’qti’n` aqi’ri’nda avtor wo`zin tani’sti’radi’. Ka`rimbaydi’n` ayti’wi’nsha, Moynaq yelinin` qi’z-jigitleri nadan, qonaqti’ hu`rmet yetpeytug`i’n, heshkimdi mise tutpaytug`i’n aqi’lsi’zlar, al, jasi’ u`lkenleri woti’ri’spa, ji’yi’nlarda Ka`rimbaydi’ si’ylap to`rden wori’n bermeydi, woni’ «shayi’r» yeken dep uli’g`lamaydi’. Boli’p ati’rg`an waqi’ya-ha`diyselerdi duri’s bahalay almag`anli’g`i’ woni’n` aqi’li’ kelteligin

[1] Сонда

bildiredi. Usi’ kelte woyli’li’q penen jazi’lg`an qosi’qqa T.Jumamuratov to`mendegishe juwap qaytaradi’:

Men bilmeymen hasli’ zati’n`,
Joqari’dan kelgen jigit,
Ka`rimbay ma i’ras ati’n`,
Bizin` jurtqa ku`lgen jigit.

Shayi’r bolsan` ayti’sayi’q,
Bir-birewge qati’sayi’q,
So`zdin` wog`i’n ati’sayi’q,
Bolsan` yeger mergen jigit.

Anda shawi’p, mi’nda shawi’p,
Ha`r kimge bir jala jawi’p,
«Qoyasan`» dep bir qi’z tawi’p,
Haqi’n` barma bergen, jigit?!

Sag`an payda woylag`anda,
Tu`sinbeysen` woynag`ang`a,
Wo`kpelepsen` Aynaxang`a,
Hesh pa`min` joq, menmen jigit.

A`depizlik□elge ku`lgen,
Qoqan`lamas hali’n bilgen.
Bolg`anli’qtan jasi’n` u`lken,
Qatti’ aytpay ju`rmen, jigit.

Ga`pin` awi’r g`arri’, jasqa,
Wo`lemata ha`dden aspa! –
Bizin` yelge awi’z ashpa,
Degen Tilewbergen jigit.[1]

Ko`rip woti’rg`ani’mi’zday, T.Jumamuratov Ka`rimbaydi’n` ha`r bir qosi’q qatari’na talantli’li’q penen juwap qaytarg`an. Shayi’rdi’n` basqa da ayti’slari’nda usi’nday sheberlikti bayqaymi’z. Mi’sali’, qazaq shayi’ri’ U`mbetali’ menen ayti’si’nda

U`mbetali’:

Tu`rkistang`a barg`anda ko`rip ju`rmiz,

[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 287-б

Xoja Axmet Yassawiydin` maqbarasi’n
Sonda qarg`i’s ali’pti’ qareken` dep,
Dushpanlari’ shi’g`arg`an masqarasi’n.
Sonnan keyin azayi’p qalg`an yeken,
Dep si’rti’n`nan aytadi’ jurt i’rasi’n.
Aqi’n bolsan` wosi’g`an juwap qaytar,
Sheber so`z yesken jeldey burqi’rasi’n.
Shi’mi’ldi’qti’ urlag`an uri’lardi’n`,
Urpaqtari’ bolg`an son` saqtalasi’n`!
Qaraqalpaq uli’mi’n dew de uyat,
Oni’ ayti’p nesine maqtanasi’n`?
Xali’q aytsa qali’p aytpaydi’, degen so`z bar,
Da`lilde qa`reken`nin` aq qarasi’n?![2]

U`mbetali’ni’n` «qaraqalpaqlar Xoja Axmet Yassawiydin` shi’mi’ldi’g`i’n urlapti’» degen ga`pi T.Jumamuratovqa awi’r tiyedi de, qazaq shayi’ri’na qarata to`mendegishe juwap qaytaradi’:

Tu`rkstanda shi’mi’ldi’q urlag`an dep,
Si’n tag`i’psi’z bizlerdin` babami’zg`a?!
Urlawi’na sizlerdey gu`wa tursa,
Babami’zdi’n` ayi’bi’n jabami’z ba?
Shi’mi’ldi’qti’ urlasa alg`an shi’g`ar,
Bul ga`pler i’ras, ya jalg`an shi’g`ar?!
Bir shi’mi’ldi’q bir xali’qqa mu`lk bolmaydi’,
Ko`p bolsa to`rt-bes uri’ bolg`an shi’g`ar.
Ha`r yelde wonday uri’ bolmaymeken,
Qazaqta da uri’lar bolg`an shi’g`ar?!..
A`welden arqan-tusaw urlaytug`i’n,
Wo`zin`nin` arqadag`i’ sharwan` shi’g`ar!
Nag`ashi’li’-jiyenler urlap boli’p,
Jalasi’ qaraqalpaqqa qalg`an shi’g`ar?!
Gu`mbezinde bar deydi, alti’n alqap,
Qazaqlar sati’p jegen ju`rek jalg`ap,
Hesh azamat wo`z yelin g`arg`amaydi’,
Yassawiy qazaq yemes, qaraqalpaq![1]

U`mbetali’ni’n` ayti’s formasi’ndag`i’ sorawi’na improvizatsiyali’q usi’l menen juwap qaytari’wi’ T.Jumamuratovti’n` ju`da` qa`biletli shayi’r bolg`anli’g`i’n da`liylleydi. Bunda ayti’si’wshi’ ta`reptin` si’ng`a alg`an

[2] Сонда, 289-б.
[1] Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005., 290-б.

ma`selesine qarama-qarsi’ tu`rde so`z tabi’w ha`m yen` qi’yi’ni’, usi’ so`zlerdi uyqasqa tu`siriw talap yetiledi. T.Jumamuratovti’n` ayti’slari’ bull talaplarg`a toli’q juwap beredi.

Juwmaqlasti’ri’p aytqanda, T.Jumamuratovti’n` ayti’s janri’ndag`i’ shi’g`armalari’ xali’q awi’zeki do`retiwshiligindegi ayti’slar menen u`nles boli’p, bunda folklorli’q da`stu`rler menen birge shayi’rdi’n` individualli’q wo`zgesheligin bildiretug`i’n stil de sezilip turadi’.

## Juwmaq

T.Jumamuratov ha`r tu`rli tematikadag`i’, ha`r tu`rli janrdag`i’ poeziyali’q shi’g`armalar menen qaraqalpaq a`debiyati’n bayi’tqan shayi’r. Woni’n` do`retiwshiligine na`zer salsaq, qanday temada ya janrda bolmasi’n, wol xali’q awi’zeki du`rdanalari’na ta`n stil` menen suwg`ari’lg`an. Biz usi’ jumi’smi’zda shayi’r poeziyasi’ndag`i’ fol`klorli’q da`stu`rlerdi u`yreniw bari’si’nda to`mendegi juwmaqlarg`a keldik:

– T.Jumamuratovti’n` Watan ha`m dosli’q temasi’ndag`i’ qosi’qlari’nda folklorli’q su`wretlewlerdin` a`jayi’p u`lgileri berilgen. Shayi’r Watan, tuwi’lg`an jer ha`m woni’n` milliy wo`zinsheliklerin sa`wlelendiriwde folklordag`i’ terme, ayti’m ha`m yertek janrlari’na tiyisli bayanlaw usi’llari’na u`nles shi’g`armalar do`retiw arqali’ bul janrlardi’n` bir neshe wo`zinshellik ta`replerin ashti’;

– Xali’qlar dosli’g`i’ temasi’ndag`i’ qosi’qlarda avtor ko`birek tuwi’sqan xali’qlar mentaliteti ko`zqarasi’nan kelip shi’g`i’p, tek qaraqalpaq folklori’ da`stu`rleri menen sheklenip qoymastan, ta`jik, tu`rkmen, qazaq xali’qlari’ni’n` awi’zeki a`debiyati’ du`rdanalari’nan da sheber paydalang`an;

– Shayi’rdi’n` arnaw ha`m didaktikali’q qosi’qlari’ xali’q awi’zeki da`stu`rleri menen teren` suwg`ari’lg`an. Woni’n` bir qansha to`rtliklerinde naqi’l-maqallardi’n` sheber qollani’lg`anli’g`i’n ko`remiz;

– Arnaw ha`m didaktikali’q qosi’qlardi’ do`retiwde terme, a`psana, yertek, ra`wayat janrlari’ mu`mkinshiliklerinen paydalani’wi’ avtor ideyasi’ni’n` jetkeriliwinde ken` xali’qshi’lli’q pikirlerdin` sa`wleleniwine xi’zmet yetken;

– Yumor-satirali’q qosi’qlari’nda qollani’lg`an ironiya ha`m sarkazmlar wo`zine ta`n sheberlik penen quri’lg`an. Wolarda folklorli’q stil` sezilip turadi’;

– Ayti’s janri’ndag`i’ shi’g`armalari’ xali’q awi’zeki do`retiwshiligindegi ayti’slar menen u`nles boli’p, bunda folklorli’q da`stu`rler menen birge shayi’rdi’n` individualli’q wo`zgesheligin belgileytug`i’n jeke stildi de ko’riwimizge boladi’.

# Paydalani’lg`an a`debiyatlar

## İlimiy kitaplar


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
2. Ахметов С. Қаракалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
3. Белинский В.Г. Избранное произведение. Том 2. Госиздат. Москва, 1947.
4. Қарақалпақ фольклоры. Қарақалпақ халық ертеклери. Нөкис, «Қарақалпақстан», Нөкис, «Қарақалпақстан», I, II том. 1977.
5. Қарақалпақ фольклоры. Қарақалпақ халық нақыл-мақаллары. Нөкис, «Қарақалпақстан», IV том. 1978.
6. Қарақалпақ фольклоры. «Қырық қыз» дәстаны. Нөкис, «Қарақалпақстан», VI том. 1980.
7. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис, «Алпамыс» дәстаны. «Қарақалпақстан», VII том. 1981.
8. Қарақалпақ фольклоры. «Мәспатша» дәстаны. Нөкис, «Қарақалпақстан», X том. 1982.
9. Қарақалпақ аўызеки халық дөретпелери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.
10. Мақсетов Қ. Қарақалпақ әдебиятының тууысқан халықлар әдебиятлары менен байланысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.
11. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975.
12. Мәмбетниязов Т. Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. Нөкис, «Билим», 1994.
13. Мәмбетов К. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебий байланыслары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.

14. Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1978.

15. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993.

16. Сағыйтов И. Әдебият ҳәм фольклор. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983.

17. Султанов Қ. Заманлас жаным мениң. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972.

## Dissertatsiyalar

1. Бекбергенова З. Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери «70-80-жыллар). Канд. дисс. Нөкис. 1995.

## So`zlikler

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.

2. Салаев Ф., Қурбониёзов Г. Адабиётшунослик атамаларининг изоҳли сўзлиги. Тошкент, «Янги аср авлоди», 2010.

## İlimiy jurnallar

1. Ахметов С. Күтә орынлы көтерилген мәселе. «Әмиўдәрья» журналы. 1959. №10.

2. Мәмбетназаров Қ. Ертеклерде көшпели сюжетлер. «Әмиўдәрья» журналы. 1981. №8.

## Ko`rkem a`debiyatlar


1. Жумамуратов Т. Жүрек муҳаббаты. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1956.
2. Жумамуратов Т. Дослық. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1959.
3. Жумамуратов Т. Заманласларым. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1961.
4. Жумамуратов Т. Дәўран жулдызлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1963.
5. Жумамуратов Т. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1968.
6. Жумамуратов Т. Кәраматлы тулға. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975.
7. Жумамуратов Т. Толқында. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.
8. Жумамуратов Т. Макарья сулыў. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1973.
9. Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
10. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2005.